Къэралэ псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

ЛЕНИН ГЪУЭГУ

ЛЕНИНСКИЙ ПУТЬ ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КЪБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 77 (16.968). Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 19. МАХУЭКУ И уасэр кІэпІейкІи 3-щ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессиер дыгъуасэ лъандэрэ зэпамыгъэуващ жыпІэ хъунущ. Ныжэбэ редакционнэ комиссэр лэжьащ. Нышэдибэ сессием и Іуэхущ1афэм пищащ. Фигу къэдгъэкІыжыни, ар Т. Х. Гдляр я унафэщІу СССР-м и Прокуратурэм и следователь гупыр зэрыляжьа щІыкІэр зэхигъэкІыи щхьэкІэ Совет Нэхъыщхьэм къыззригъэпэща комиссэм ищІа дерхэм хопльэ. Дыгъуасэ абыхэм зэратепсэлъыхьам ипкъ иткІэ зэхъыляргъуу унафэ къахуэщтакъым. Абы къыхэкІыу апрелым и 18-м а Іуэхум аргуэру тепсэлъыхьину зэгурыІуащ.

Редакционнэ комиссэм илэжьар сессием жриІащ Союзымкіэ Советым и председатель И. Д. Лаптевым, Ар депутатхэм къаІэта Іуэхухэм тещІыхьауэ яубзыхуэ проект зыбжанэм къеджащ. А псори зытеухуар тІуузэ бгуэш хъунущ. Т. Х. Гдляпрэ Н. В. Ивановрэ хабзэншагъэ зэралэжьам, къэралым щыІэ щытыкІэр зэІыгъэхьэным хуэунэтІа политическэ Іуэхухэр зэрызэрахьам, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм пщІэ зэрыхуамыщІам щхьэкІэ хэкъуэжауэ топсэлъыхь. Абы къыдэкІуау ахэр уголовна жауаплыныгъэм ешэлІэн хуейуэ Іуэху къэзыІэтахэри щыІэщ.

Депутатхэм ящыщ зыбжанэм къаІэта Іуэху зыкъом унафэм и проектым хагъэхьа пэтми, Совет Нэхъыщхьэр абыхэм къанэ щымыІэу арэзы ятехъуакъым. А документым пщыхьэщхьэ зэІущІэми трагъэзэжыну унафэ ящІащ.

Апщ1ондэху Союзымкіэ Советымрэ Лъэпкъхэмкіэ Советымрэ я депутатхэр къэрал, бэджэнд, кооперативн, общественнэ, нэгъуэщІ предприятэхэм, организацэхэм ятыну налогхэм я Іуэхукіэ СССР-м и Законым и проектым хэплъащ.

(ТАСС).

Апрелым и 21-р Ленинскэ коммунистическэ субботникщ

ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭР ДАІЫГЪЫУ

Партым и обкомым и секретарь Сохъу В. Къ. и унафэщІу КПСС-м и областной комитетым дыгъуасэ зэІущІэ щыІащ. Абы В. И. Ленинир къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъум теухуауэ щэбэт махуэм зэрылэжьэнум щытепсэлъыхьащ.

Къэралым хуэдэу, ди республикэми хабзэ щыхъуащ пролетарскэ вождыр къызалъхуа махуэр лэжьыгъэкІэ ягъэлъапІэу. Ар революцэр щытекІуа япэ махуэхэм къыдекІащ. Абы щыгъуэ Москва-Сортировочнэ депом и рабочэхэм зыгъэпсэхугъуэ махуэм мафІэгуищ зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу ахэр зэрылэжьар В. И. Ленинум коммунистическэ лэжьэкІэм и щІэдзапІэу къалъытауэ щытащ. Езыри коммунистическэ субботникхэм хэтащ. Ди республикэм и лэжьакІуэхэм, пенсионерхэм, школакІуэхэм даІыгъ щэбэтым лэжьэну коллектив пашэхэм къаІэта жэрдэмыр. Абыхэм мурад ящІащ зэфІэкІышхуэ яхэлъу я Іэнатіэхэм бгъэдэтыну, жыгхэр, чыцэхэр ягъэтІысыну, уэрамхэмрэ щІалэгъуэхэмрэ ягъэкъабзэну.

ЗэІущІэм хэтахэм къызэрагъэлъэгъуащи, республикэм и гуащІэрыпсэу псори щэбэт махуэм зэрылэжьэнум партыр зытет зэхъуэкІыныгъэ гъуэгур зэрыдалъытыр белджылы ящІыныщ. Ар Налшык къалэм дэсхэм фІыуэ къагуроІуэ. Абы дэт предприятхэм ящыщ дэтхэнэми хэт дэни цылэжьэнуми, хэт сыт хуэдэ лэжьыгъэ игъэзэщІэнуми лубзыхуащ. Япэ гъэхэм хуэмыдэу инженер-техническэ хэлъхэм, техникхэм ящыщ Іэджэ станокхэм, конвейерхэм ябгъэдэту лэжьэнущ.

Псори зэхэту къапщтамэ, щэбэт махуэм цІыху мини 150-рэ Налшык щылэжьэнущ, абыхэм ящыщу мини 110-р производствэм, адрейхэр уэрамхэмрэ щІалэгъуэхэмрэ зэІузэпэщ щІыным пыщІауэ щытынущ. А махуэм сом мелуанитІ и уасэ продукцэ ягъэхьазырынущ, сом мини 150-рэ и уасэ ухуэкІыгъэ-монтаж лэжьыгъэ зэфІагъэкІынущ. Партым и Налшык къалэ комитетым и етІуэнэ секретарь Щоджэн М. М. зэрыжиІамкІэ, а махуэм къалэжьа ахъшэр банкым къыщыззІуаха расчетнэ счетым халъхьэнущ. Къалэдэсхэм къалэжьыну ахъшэм и нэхъыбэр узыншагъэр хъумэным елэжь Іуэхущ1апІэхэр зыхуеинухэм трагъэкІуэдэнущ, сабий садхэм ирагъэтынущ.

ЗэІущІэм хэтахэр едэІуащ партым и Бахъсэн райкомым и секретарь Теммоев Т. Ю., Прохладнэ къалэ комитетым и секретарь Табачковэ Т. Г. сымэ жІалэхэм. Абыхэм ахэр щыгъуазэ ящІащ я районхэмрэ къалэхэмрэ щэбэт махуэм зэрылэжьэнум зэрыхуэхъазырым. Апхуэдэу лэжьакІуэу дэкІынухэм я бжыгъэр, абыхэм къалэжьыну ахъшэр зытрагъэкІуэдэнухэр лубзыхуащ.

Унафэщіхэм гу лърагъэтащ щэбэт махуэм зэфІэкІышхуэ яІэн щхьэкІэ цІыхухэм зыхуей Іэмалхэр зэрыхуэрагъэпэщыпхъэм. А махуэм къалэ транспортыр, сабий садхэр, тыкуэнхэр тэмэму мылажьэу хъунукъым. Апхуэдэу гулъытэ хуэщІыпхъэщ цІыхухэр гукъыдэж яІзу я Іэнатіэхэм бгъэдэтын папщІэ щІэн хуейхэм. Транспарантхэм, лозунгхэм лежьакІуэхэр яхуэзэфІэкІ псори ящІэу я Іэнатіэхэм зэрыбгъэдэтыным хуэраджэн хуейщ.

ЖЭРДЭМ ИНЫМ И ХАБЗЭХЭМ ПЕЩЭ

Хабзэ хъалэмэту уващ партымрэ Совет къэралымрэ я къызэгъэпэщакІуэ В. И. Ленинир къыщалъхуа махуэр Союзпсо коммунистическэ субботникымкІэ ягъэлъапІэу.

Коммунистическэ субботник зэхъуэкІыныгъэ гъэнэфагъэ зиІэ лэжьыгъэ инкІэ зэрыщытыр Ленинир къыщалъхуа 100-рэ илъэсыр зэрихьэ гъэм апрелым и 12-м. Гражданскэ зауэр екІуэкІырт. Москва—Казань гъуэгум и Сортировочнэ станцым и рабочэхэр дзэкъыгъэр яуха нэужь уэрэд мыкІуэжу бэ-изэри жэщым сыхъэтинщІкІэ мафІэгуищ зэрагъэпэщыжащ. Пашэдиныкым абыхэм ватонхэр кІэращІэжри зауэм Іутхэм зыхуейхэр хурагъэщащ. В. И. Ленин ар икъукІэ жэрдэмэту къыдальытащ. А махуэм и щІэхыкІэ къыкІэлъыкІуэ гъэм Россиепсо субботник хэтащ цІыху мини куэд — 2.240-р къэралым иращащ.

Абы и уэлкІи зы гъэ дэкІакъым ди республикэм субботникхэр щемыкІуэкІыу. Ауэ зауэм и пэ къикІуэу нэхъ ин дыдэу щытар 1928 гъэм январым и 9-м щылэр. Абы цІыху миниплым нэс хэтащ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэми екІуэкІащ субботникхэр. Къапщтамэ, 1941 гъэм августым и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэрым субботник ин къыщызэрагъэпэщат. Абы хэтащ цІыху мини куэд — гъуэ яухуауэ щыта уэрамым Первомайскэ фІащащ. А гъэ дыдэм Налшык нэгъуэщІ зы субботникри щекІуэкІат. Ар къыщыхъуар октябрым и 24-рш. Абы хэтащ цІыхуу 700, шытуми выгуми 100. Сом мин 200 и уасэ лэжьыгъэ пэзэщІа хъуат. А ахъер 2.240-р къэралым иращащ.

1969 гъэм япэ коммунистическэ субботникыр зэрекІуэкІрэ илъэс 60 ирикъуащ. Абы и щІыхькІэ Налшык телемеханическэ аппаратурэ заводымрэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатымрэ къыхалъхьауэ щытащ республикэм субботникхэр щрагъэкІуэкІыну. Февралым и 21-м ВЛКСМ-м и обкомым а жэрдэм гъуэзэджэр диІыгъащ. Мазэ зыбжанэкІэ щІалэгъуэлэмрэ комсомолецхэмрэ щылажьащ ухуакІуэ площадкэхэм, нэгъуэщІ Іэнатіэ гугъуэхэм. Абыхэм къыщалэжьа ахъшэр халъхьащ Ульяновск щауэ Ленинскэ мемориальнэ комплексым и фондым.

А гъэ дыдэм апрелым и 12-м Аруан районым щекІуэкІащ субботникыр. Ар къыщыхъуар Ленин и секретарь рабочэхэу 12.793-рэ, колхозхэту 4.181-рэ я Іэнатіэхэм пэрытащ. Абыхэм сом мин 303,5-рэ я уасэ продукцэ къалэжьат.

1977 гъэм екІуэкІа Союзпсо коммунистическэ субботникыр махуэшхуитІым хуэунэхэр зэрахьэн папщІэ зыхуейхэр хъупІэхэм яшэ. Апхуэдэу ток зэрашэ пкъохэр, кІапсэхэр, псыр зэрыкІуэ бжьамийхэр зыхуэдэм кІэлъыплъын, зэрагъэпэщынхэр папщІэ щІэн хуейхэр зыхуеинухэр ягъэхьазырынхэр. «Аршинцуй хъунукъым, — жиІэ колхозым и председатель Кіуэкіуэ Николай. — Сыту жыпІэма, ди Іэщ1ыхъуэхэм пеплъэ ятащ хъупІэм щыщыІэну лъэхъэнэм ику иту жэм къэс хуэзэу щэ килограмми 10—11 мынэхъ мащІэ махуэм къыщІашыну, Іэщ1эвыщІэм я хьэлъагъым зы жэщ-махуэм килограмм хагъэхъуэну».

Мы гъэм и япэ мазищым колхозым шэ центнер 3.800-рэ ищэн хуеяти а 3.482-м нигъэсащ. Ар нэхъыбэщ илъэс къыззэдэкІам и япэ пшапэм яхуэзэфІэкІахэ бжьыгъухуэ щыта Іофхэр, Іэрни Люцытам нэхъри Іэрни Люда шэ килограмм 1.463-рэ къыщІищащ, планыр процентри 120-кІэ игъэзэщІащ. Абдокъуэ Люба килограмм 1.186-рэ къищІри, планыр процентри 107-кІэ игъэзэщІащ. Тамбий Лолэ абыхэм къазэрыкІэрыху щыІэкъым. Абы килограмм 1.148-рэ къищащ, планри процентри 103-кІэ игъэзэщІащ. Мы

ХЪУПІЭХЭМ ЗЭРЫКІУЭНУМ

Бахъсэн районым щыІэ «Къызбрун» колхозыр Іэщхэкі нэхъыбэ къэзылажь, къэралым езыщэ хозяйствэхэм яцыщІ. Ауэ нобэкІэ дынэсам колхозхэтхэр арэ-зэ-техъэрэкъым. Унафэщіхэми Іэщ1агъэфІэкІуэн папщІэ щыІэ хэкІыпІэхэр къэхутэным, къэгъэсэбэпыным я нэІэ трагъэтщ.

Абы и лъэныкъуэкІэ гъэмахуэ хъупІэхэр илъэс къэс сеъэфІэкІуэныр, нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыныр Іэмал гъуэзэджэщ. Іэщ гъэхъунымкІэ Іэщ1агъэлІэным нэхъ «Іэщ1а» хъуа хъупІэхэр къахутащ икІи абыхэм я Іыхьафіым Іэщ трамыгъыхьэу зрагъэгъэпсэхунущ. Адрейхэм уда ялъэ кІэщІасэну, минеральнэ удобренэхэр хагъэхьэну, гектар 1 къэс 3 центнер нитрофоскэ, 2 центнер аммиачнэ селитрэ, 1 центнер калий хлорид хэлъ удобренэхэр зэхэлъхьэну, гектар 1 къэс

ЖЭРДЭМ ИНЫМ И ХАБЗЭХЭМ ПЕЩЭ

Хабзэ хьэлэмэту уващ партымрэ Совет къэралымрэ я къызэгъэпэщакIуэ В. И. Ленинир къыщалъхуа махуэр Союзпсо коммунистическэ субботникымкIэ ягъэлапIэу.

Коммунистическэ субботникыр къэхъуащ илъэс 71-кIэ узэIэбэкIыкмэ, 1919 гъэм апрелым и 12-м. Гражданзауэр екIуэкIырт. Москва—Казань гъущI гъэзэгум и Сортировочнэ станцым и рабочахэр лажьыгъэр яуха нэужь унэм мыкIуэжу къанэри жэщым сыхьэтищIкIэ мафIэгунщ эзрагъэпэщыжащ. Пшэдджыжьым абыхэм вагонхэр кIэращIэжри зауэм Iутхэм зыхуейхэр хурагъэщащ. В. И. Ленин ар инкъуакIэ жэрдэм хьэлэмэту кIилъытащ. А махуэм и щIыхькIэ къыкIэлъыкIуэ гъэм Россиепсо субботник ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэунэхуащ коммунистическэ субботникхэр инкIи абы лъандэрэ ахэр ирагъэкIуэкI В. И. Ленин къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу.

Совет цIыхухэм я гуапэу яхъумэ, ягъэбагъуэ субботникхэм я щэпхъэ хьэлэмэтхэр инкIи абыхэм илъэс къэс нэхъыбэ къыхохьэ. нэхъыбэ къыщалэжь, Iуэхугъуэфl куэди щызэфIагъэкI. Мы бжыгъэхэр зэдгъэпщэнти. Япэ дыдэу субботникыр щекIуэкIам щыгъуэ абы псори хэтар цIыху 15 къудеймэ, 1989 гъэм В. И. Ленинир къэзэралъхуэ илъэси 119-рэ щрикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIам цIыху мелуани 152-рэ кърихьэлIащ. А зы махуэм и закъуэ къэралым промышленнэ продукцеу сом мелард 1,2-рэ къыщыщIагъэкIауэ щытащ. ЦIыхухэм нэхъыбэу къагъэсэбэп хьэпшыпэу сом мелуан 453-рэ и уасэ къатащ. А махуэм лэжьапкIэу къахьащ сом мелуан 291-рэ. Ахэр совет цIыхухэм я жэрдэмкIэ езы республикэхэм, областхэм, крайхэм къэнэжащ инкIи узыншагъэр егъэфIэкIуэным, анэхэмрэ сабийхэмрэ хъумэным хуаунэтIащ.

«Субботник плъыжьым» и щалхъэ хьэлэмэтхэм зыщаужь, зыщаукъуэдий Къэбэрдей-Балъкъэрми. Япэ субботникыр 1920 гъэм майм и 1-м екIуэкIащ. Абы щыгъуэ лухуауэ щыта уэрамым Первомайскэ фIэщащ. А гъэ дыдэм Налшык нэгъуэщI зы субботникри щекIуэкIат. Ар субботникри октябрым и 24-рэ. Абы хэтащ цIыхуу 700, шыгуми выгуми 100. Сом мин 200 и уасэ лежьэгъэ гъэзэщIакIуэкIащ. Бэ дыдэ субботникым хэлэжьащ Налшык Iэтащ Первомайскэ районым и пэмыжыжьэ къуаджэ Венгрием и пролетариатым хуагъэхьащ.

Абы и ужькIи зы гъи дэкIакъым ди республикэм субботникхэр щемыкIуэжIыу. Ауэ зауэм и пэ кIихуэу нэхъ ин дыдэу щытар 1928 гъэм январым и 9-м щыIарщ. Абы цIыху мини плIым нэс хэтащ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэми екIуэкIащ субботникхэр. Къапштэмэ, 1941 гъэм августым и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэрым субботник ин къыщызэрагъэпэщат. Абы хэтащ цIыху мин куэд — рабочэхэр, колхозникхэр, къулыкъущIэхэр, еджакIуэхэр. А махуэм къалэжьа сом мин 300-р къэралыр хъумэжыным и фондым халъхьащ.

Зэрытщ1эщи, 1943 гъэм и щIымахуэм нэмыщэ зэрыпхуэкIуэхэр ди щIым прадухожащ. Абыхэм лъэужь Iей къагъэнат. Къалэхэр захэкIутат, промышленнэ предприятэхэр ягъэсат, колхозхэр яфыщIат. Ахэр зэфIэгъувэжыным къаруушхуэ хуейт. Ауэ лэжьэну къэнар цIыхубзхэрт. Абыхэм щIэгъуэлэр яхуэхъуащ щIалагъуэлэр. А гъэм и закъуэ комсомолецхэмрэ щIалагъуэлэмрэ Налшык субботник 17 щрагъэкIуэкIащ.

1944 гъэм октябрым и 22-м ирагъэкIуэкIа субботникым, республикэм щылажьэ рабочэхэу, колхозхэтхэу, къулыкъущIэхэу, еджакIуэхэу 48.590-рэ хэтащ. Ахэр нэхъыбэу зэлэжьар гъавэр Iухыжынырщ. А махуэм кърахьэлIэжащ нартыху гектар 4.296-рэ, къэралым пращащ центнер 20.440-рэ. Псом хуэмыдэу а субботникым жыджэру хэтащ Налшык районым и гуащIэрыпсэухэр. Абыхэм а махуэм нартыху гектар 347-рэ кърахьэлIэжри центнер 3.400-рэ къэралым иращащ. Апхуэдэу хъарзынэу лэжьащ Аруан районым и гуащIэрыпсэухэр. Абыхэм нартыху гектар 262-м къыдача гъавэ центнер 2.240-р къэралым иращащ.

1969 гъэм япэ коммунистическэ субботникыр зэрекIуэкIа илъэс 60 рикъуащ. Абы и щIыхькIэ Налшык телемеханическэ аппаратурэ заводымрэ Тырныауз вольфрамо-молибденовэ комбинатымрэ я комсомолецхэм жэрдэм къыхалъхьауэ щытащ республикэм субботник щрагъэкIуэкIыну. Февралым и 21-м ВЛКСМ-м и обкомым а жэрдэм гъуэзэджэр диIыгъащ. Мазэ зыбжанэкIэ щIалагъуалэмрэ комсомолецхэмрэ щылэжьащ ухуакIуэ площадкэхэм, нэгъуэщI Iэнатlэ гугъуэхэм. Абыхэм къыщалэжьа ахъшэр халъхьащ Ульяновск шаухуэ Ленинскэ мемориальнэ комплексым и фондым.

А гъэ дыдэм апрелым и 12-м Аруан районым щекIуэкIа коммунист субботникым щIыху мин 26-м щIигъу хэтащ. Псом хуэмыдэу абы къыхэжанэкIащ Нарткъалэ химкомбинатым и лэжьакIуэхэр. А махуэм абыхэм планым и лейуэ сом мин 11,2-рэ и уасэ продукцэ къыщIагъэкIащ. Лэжьапкэ къахьа сом 900-р илъэситхум и фондым халъхьащ.

Жыджэрагъ ин хэлъу екIуэкIащ В. И. Ленинир къызэралъхуэрэ илъэси 100 щрикъум теухуауэ щыта субботникыр. Абы хэтащ республикэм и гуащIэрыпсэууэ мин 230-м щIигъу. Куэдым щапхъэ къагъэлъагъуащ. Къапштэмэ, Муллаев Шарафудин зи пашэ бригадэм а махуэм «Молибден» рудникым рекорд щигъэуващ — зы сменэм метр 30 щIы щIагъым щыкIуэцIрихащ. Ар япэхэм игъэзащIэу щыта пщалъэм нэхърэ метритхукIэ вэхъыбэт. Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Iэмэпсымэ заводым къэралым япэ дыдэу къыщIэгъэкIын щыщIидзащ зи бгъуагъыр метритI хъу зэрызэпаупщI алмаз Iэмэпсымэр. Апхуэдэ жэрдэм куэд кынгъэщIащ а махуэм ирагъэкIуэкIа субботникым.

1972 гъэм В. И. Ленинир къызэралъхуэрэ илъэси 102-рэ щрикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIауэ щыта субботникым жыджэру хэтащ Прохладнэ районым и гуащIэрыпсэухэр. А махуэм лэжьащ цIыху 41.020-рэ. Абыхэм ящыщу рабочэхэу 12.793-рэ, колхозхэту 4.181-рэ я Iэнатlэхэм паритащ. Абыхэм сом мин 303,5-рэ я уасэ продукцэ къалэжьат.

1977 гъэм екIуэкIэ Союзпсо коммунистическэ субботникыр махуэшхуитIым хуагъэпсауэ щытащ. В. И. Ленинир къызэралъхуэрэ илъэси 107-рэ щрикъумрэ Октябрь революцэр зэрыщыIэрэ илъэс 60 щрикъумрэ. А субботникыр япэкIэ екIуэкIауэ хъуам цIыху бжыгъэу хэтамкIи абы къыщалэжьамкIи ефIэкIащ. ЦIыху мин 363-рэ къыдэкIащ а махуэм. Абыхэм я пэхъыбэр щылажьэ Iэнатlэхэм паритащ. Сом мелуанищрэ мин 81-рэ и уасэ продукцэ къэралым Iарыхьащ а махуэм, илъэситхум и фондым сом мин 685-рэ халъхьащ.

1985 гъэм В. И. Ленинир къызэралъхуэрэ илъэси 115-рэ щрикъуащ. Абы теухуауэ екIуэкIа субботникым ди республикэм и закъуэ цIыху мин 393-рэ хэтащ, абыхэм ящыщу цIыху мини 151-р я Iэнатlэхэм паритащ. Абыхэм къыщIагъэкIащ сом мелуани 4 и уасэ продукцэ, прагъэкIуэкIащ сом мин 530-рэ и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ.

КъыкIэлъыкIуэ гъэм февралым и 15-м екIуэкIа Союзпсо субботникыр хуэгъэпсауэ щытащ КПСС-м и XXVII съездым. Абы республикэм и гуащIэрыпсэууэ мин 395-рэ хэтащ, сом мелуани 4 и уасэ продукцэ къыщIагъэкIащ, сом мин 622-рэ и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ. Предприятэу 16, цеххэм, сменэхэм, бригадэхэм я лэжьакIуэ коллективхэу 350-рэ, рабочэу мини 7 къыдагъэхуа материалхэмрэ сырьемрэ ирилэжьащ.

Нужь дыдэу нэгъабэ ди республикэм щекIуэкIа субботникым цIыху мин 405-рэ хэтащ. Сом мелуани 3-рэ мин 566-рэ и уасэ продукцэ а махуэм къыщIагъэкIащ, сом мин 708-рэ и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ.

Апхуэдэ гъуэгуанэ къыщикIуащ «Субботник плъыжьым» ди республикэм.

КЪЭРЭШЕЙ Анетэ,
КПСС-м и обкомым и парт архивым и лэжьакIуэ.

Бахъсэн районым щыIэ «Къызбруи» колхозыр Iащхэкl нэхъыбэ къэзылэжь, къэралым езыща хозяйствэхэм ящыщ. Ауэ нобэкIи адрэхэм колхозхэтхэр ар-хэмкI Iэщ1агъэлIхэмкI лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ щыIэ нэхъыпIэхэр къэхутэным, къэгъэсэбэпыным я пэIэ трагъэтщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ гъэмахуэ хъупIэхэр илъэс къэс сгъэфIэкIуэныр, нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыныр Iэмал гъуэзэджэщ. Iэщ гъэхъунымкIэ Iэщ1агъэлIхэм нэхъ «тIэщIа» хъуа хъупIэхэр къахутащ инкIи абыхэм я Iыхьэфым Iэщ трамыгъыхьэу зрагъэгъэпсэхунущ,. Адрейхэм удз жылэ кIэщIасэну, минеральнэ удобренэхэр халъхьэну ягъэувауэ щытащ. Иджы а лэжьыгъэр и туащ1агъуэу йокIуэкI. Хьэкъуафэ хъупIэм вертолетхэмкIэ удз жылэ щызэбгырапхъ, минеральнэ удобренэхэр халъхьащ. А лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIа хъупIэхэм щыщ Iыхьэм мы гъэм Iэщ трагъэхьэнукъым. Нэгъабэ апхуэдэу зэлэжьу зызрагъэпсэхуа и зы Iыхьэ ныкъуэм былымхэр щыхъуэкIуэнущ, щаIыгъынущ. Ауэ а хъупIэхэми нэхъапэхэм хуэдэу Iэщыр пасэу хагъэхьэнукъым, удзыр лъабжьэкIэ ирырагъэхынукъым. Хъуныр фIыуэ къызэщIэрыуа, лъабжьэ быдэ ищIа иужькIэщ Iэщыр хъупIэм щагъэкIуэнур. Абы щыгъуэми хъупIэхэр пакIэпакIэурэ ирагъэхъуэкIунущ.

Гулъытэ хуащIынущ былымым, тракторхэм хъупIэхэм нэщхъыкъуэу традэ лъагъуэ, бэкъу къомыр гъэсэныным. Абы къыхэкIыу иджы щыщIэдзауэ гъэш фермэхэм бгъэдыхьэ гъуэгухэм мывэкIэщIхэ тракIутэ, уэлбанэ щыхъухэм дежи абыхэм тыншу щызекIуэн хуэдэу. Жэм къэшыпIэхэр, Iэщыр псэф щащI псэуалъэхэр зэгъэпэщыжыныр нагъэблагъащ. Iэщыхъуэхэм я унэхэр зэрахьэн папщIэ зыхуейхэр хъупIэхэм яшэ. Апхуэдэу тон зарашэ пкъохэр, кIапсэхэр, псыр зырыз кIэлъыплъын, регулировщикхэр зыхуэдэм пащтыкIэ нэхъыщхьэхэр ягъэгъотын хуейт. «Арыншауэ хъунукъым, — жеIэ колхозым и председатель КIуэкIуэ Николай. — Сыту жыпIэмэ, ди Iэщыхъуэхэм псалъэ ятащ Iэщхэкlыу къаIэжьым, къэралым иращэм етIуанэ кварталым хагъэхъуэну. Абы къыхэкIыу зэхъэзэхуэр щIагъэхуабжьэ, лэжьыгъэм фIыкIэ зрагъэхъуэж, лэжьакIэщIэхэр щIегъэкъуэн къащI. Правленэм, парт, профсоюз комитетхэми Iуэхугъуэ щхьэпэ зыбжанэ зэфIагъэкIащ. Иджы жэм лъэпкъыфIу 203-рэ яIэщ, ар зы фермэ ирокъу. Дяпэкlэ абы къытепщIыкIауэ иджыри зы фермэ къызэрагъэпэщынущ.

Мы гъэм и япэ мазищым колхозым щэ центнер 3.800-рэ ящэн хуейти я бжыгъэр центнер 3.482-м нигъэсащ. Ар нэхъыбэщ щытам нэхърэ. Барий Людэ щэ килограмм 1.463-рэ къыщIишащ, планыр проценти 120-кIэ игъэзащIащ. Абдокъуэ Любэ килограмм 1.186-рэ къишри, планыр проценти 107-кIэ игъэзащIащ. Тамбий Лолэ абыхэм къаззрыкIэрыху щыIэкъым. Абы килограмм 1.148-рэ къишащ, планри проценти 103-кIэ игъэзащIащ. Мы бжыхьэм щыIэдзауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Гуэдзыр зэмэн нэхъыфIым трасащ, минеральнэ удобренэхэмкIэ ягъэпщэрацщ.

ЩIым хуабэ зэригъуэту механизаторхэм псыIэгъэ хьэсэхэм щIрагъэубыдащ, къэкIыгъэ пасэхэр трасащ. Иджы нэхъыщхьэр нэхъыбэу зэрахьэну нартыхур, сэхуранур, силосыпхъэ нартыхур зэман нэхъыфIым тесэнырщи, абы къаруушхуэ хуэзщIагъэуIуащ.

ЩIыр гъэхьэзырыным къыхожанымкI механизаторхэу КIуащ Аслъэн, Тхьэзэплъ Станислав сымэ. Щапхъэ къагъэлъагъуэ гербицидыр хьэсэхэм тезутхэхэу Мер Хьэутинрэ Къардэн Мухьэмэдрэ. Хозрасчетым тету лажьэ механизаторхэм я мурад быдэщ къэкIыгъэ нэхъыщхьэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу тесэныр зэфIагъэкIыну, къыкIэлъыкIуэ губгъуэ лэжьыгъэхэми сыткIи зыхуагъэхьэзырыну, зэпэщу ирагъэкIуэкIыну.

КЪБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТ ХЭХЫНЫМКIЭ СОЛНЕЧНЭ ХЭХЫПIЭ ОКРУГ № 50-м И ХЭХАКIУЭХЭМ ЯЩIЭН ЩХЬЭКIЭ

Солнечнэ хэхыпIэ округ № 50-м и хэхакIуэ комиссэм хъыбар фегъащIэ КъБАССР-м и цIыхубэ депутатхэм я кандидатхэу Бепаевэ Роза Хизировнэмрэ Олигов Багаудин Мухарбековичымрэ езыхэм я заявленэкIэ а хэхыпIэ округым я кандидатурэхэр къызэрыщрахыжамкIэ.

Округной хэхакIуэ комиссэ.

ЯЛЭЖЬЫНУР ЯУБЗЫХУАЩ

«Сургутнефтегаз» объединенэм и профсоюз комитетым жэрдэм къыхилъхьащ В. И. Ленинир къызэралъхурэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлIэу субботник егъэкIуэкIыныкIэ къэралым и гуащIэрыпсэухэр къыхуриджэу. Ар гуапэу дагъэщащ Тырныауз къалэм и гуащIэрыпсэухэм, псом хуэмыдэу низковольтнэ аппаратурэ заводым и коллективым.

Заводым и директорым и заместитель Хаджиев О. зэрыжиIамкIэ, предприятэм и лажьакIуэхэм я нэхъыбэр я Iэнатlэ пэрытынущ, абыхэм сом мин 21-рэ и уасэ товарнэ продукцэу къыщIагъэкIынущ. Адрейхэр хэтынущ къалэ уэрамхэр зэIузэпэщ щIыным, рабочэхэр щыпсэу унэхэм я пщIантIэхэр, уэрамхэр гъэкъэбзэным, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди зэфIэгъэкIыным.

Субботник егъэкIуэкIыным теухуа жэрдэм къыхэзылъхьахэм жаIащ мыгъэрей «щэбэт плъыжьым» къыщалэжьа ахъшэр зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, хуэмыщIа унагъуэхэм, сабий зеиншэхэм яридэIэпыкъуным и фондым халъхьэну. Тырныауз и низковольтникхэм къалэжьам щыщ Iыхьэ апхуэдэу халъхьэнущ щIыпIэм щыIэ бюджетми.

ЖЫДЖЭРУ ХЭТЫНУЩ

Ленинскэ комсомолым я цIэр зезыхьэ Тэрч алмаз Iэмэпсымэ заводым и цехэмрэ отделхэмрэ собранэхэр щекIуэкIащ. Ахэр теухуауэ щытащ апрелым и 21-м Ленинскэ коммунистическэ субботникым коллективхэр зэрыхэтынум. Жэрдэмыр зэдэарэзыуэ псоми далыгъащ.

Субботник махуэм я лэжьапIэ IэнатIэм цIыху 2096-рэ пэрытынущ, куэдым къалэ уэрамхэр ягъэкъэбзэнущ, жьыщIэхэр хасэнущ. А махуэм зэфIагъэкIам къыпэкIуэ ахъшэ псори халъхьэнущ цIыхубэ депутатхэм я къалэ Советым и бюджетым.

Предприятэм и партком, профком, ВЛКСМ-м и комитетым, СТК-м зэгъуэгу ирагъэкIуэкIа заседанэм а жэрдэмыр щыдагъэщащ инкIи лэжьакIуэхэр къыхурадджащ субботникыр зэхъуэкIыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным и дамыгъэм щIэту ирагъэкIуэкIыну.

ХЪУПIЭХЭМ ЗЭРЫКIУЭНУМ ЗЫХУАГЪЭХЬЭЗЫР

Мы махуэхэм колхозым Iэщхэкl къэлэжьыныкIэ, щэныкIэ и Iуэху хъарзынэщ. Ахэр я Iужьщ Iэщыхъуэ жыджэрхэм, Iэщыр къабзэу зэрызэрахьэм, къэралым иращэм етIуанэ кварталым хагъэхъуэну. Абы къыхэкIыу зэхъэзэхуэр щIагъэхуабжьэ, лэжьыгъэм фIыкIэ зрагъэхъуэж, лэжьакIэщIэхэр щIегъэкъуэн къащI. Правленэм, парт, профсоюз комитетхэми Iуэхугъуэ щхьэпэ зыбжанэ зэфIагъэкIащ. Иджы жэм лъэпкъыфIу 203-рэ яIэщ, ар зы фермэ ирокъу. Дяпэкlэ абы къытепщIыкIауэ иджыри зы фермэ къызэрагъэпэщынущ.

Мы гъэм и япэ мазищым колхозым щэ центнер 3.800-рэ ящэн хуейти я бжыгъэр 3.482-м нигъэсащ. Ар нэхъыбэщ щытам нэхърэ. Барий Людэ щэ килограмм 1.463-рэ къыщIишащ, планыр проценти 120-кIэ игъэзащIащ. Абдокъуэ Любэ килограмм 1.186-рэ къишри, планыр проценти 107-кIэ игъэзащIащ. Тамбий Лолэ абыхэм къаззрыкIэрыху щыIэкъым. Абы килограмм 1.148-рэ къишащ, планри проценти 103-кIэ игъэзащIащ. Мы бжыхьэм щыIэдзауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Гуэдзыр зэман нэхъыфIым трасащ, минеральнэ удобренэхэмкIэ ягъэпщэрацщ.

ЩIым хуабэ зэригъуэту механизаторхэм псыIэгъэ хьэсэхэм щIрагъэубыдащ, къэкIыгъэ пасэхэр трасащ. Иджы нэхъыщхьэр нэхъыбэу зэрахьэну нартыхур, сэхуранур, силосыпхъэ нартыхур зэман нэхъыфIым тесэнырщи, абы къаруушхуэ хуэзщIагъэуIуащ.

ЩIыр гъэхьэзырыным къыхожанымкI механизаторхэу КIуащ Аслъэн, Тхьэзэплъ Станислав сымэ. Щапхъэ къагъэлъагъуэ гербицидыр хьэсэхэм тезутхэхэу Мер Хьэутинрэ Къардэн Мухьэмэдрэ. Хозрасчетым тету лажьэ механизаторхэм я мурад быдэщ къэкIыгъэ нэхъыщхьэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу тесэныр зэфIагъэкIыну, къыкIэлъыкIуэ губгъуэ лэжьыгъэхэми сыткIи зыхуагъэхьэзырыну, зэпэщу ирагъэкIуэкIыну.

ЗЫХУАГЪЭХЬЭЗЫР

Мы махуэхэм колхозым Iэщхэкl къэлэжьыныкIэ, щэныкIэ и Iуэху хъарзынэщ. Ахэр я Iужьщ Iэщыхъуэ жыджэрхэм, Iэщыр къабзэу зэрызэрахьэм, къэралым иращэм етIуанэ кварталым хагъэхъуэну. Абы къыхэкIыу зэхъэзэхуэр щIагъэхуабжьэ, лэжьыгъэм фIыкIэ зрагъэхъуэж, лэжьакIэщIэхэр щIегъэкъуэн къащI. Правленэм, парт, профсоюз комитетхэми Iуэхугъуэ щхьэпэ зыбжанэ зэфIагъэкIащ. Иджы жэм лъэпкъыфIу 203-рэ яIэщ, ар зы фермэ ирокъу. Дяпэкlэ абы къытепщIыкIауэ иджыри зы фермэ къызэрагъэпэщынущ.

Мы гъэм и япэ мазищым колхозым щэ центнер 3.800-рэ ящэн хуейти я бжыгъэр 3.482-м нигъэсащ. Ар нэхъыбэщ щытам нэхърэ. Барий Людэ щэ килограмм 1.463-рэ къыщIишащ, планыр проценти 120-кIэ игъэзащIащ. Абдокъуэ Любэ килограмм 1.186-рэ къишри, планыр проценти 107-кIэ игъэзащIащ. Тамбий Лолэ абыхэм къаззрыкIэрыху щыIэкъым. Абы килограмм 1.148-рэ къишащ, планри проценти 103-кIэ игъэзащIащ. Мы бжыхьэм щыIэдзауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Гуэдзыр зэман нэхъыфIым трасащ, минеральнэ удобренэхэмкIэ ягъэпщэрацщ.

ЩIым хуабэ зэригъуэту механизаторхэм псыIэгъэ хьэсэхэм щIрагъэубыдащ, къэкIыгъэ пасэхэр трасащ. Иджы нэхъыщхьэр нэхъыбэу зэрахьэну нартыхур, сэхуранур, силосыпхъэ нартыхур зэман нэхъыфIым тесэнырщи, абы къаруушхуэ хуэзщIагъэуIуащ.

ЩIыр гъэхьэзырыным къыхожанымкI механизаторхэу КIуащ Аслъэн, Тхьэзэплъ Станислав сымэ. Щапхъэ къагъэлъагъуэ гербицидыр хьэсэхэм тезутхэхэу Мер Хьэутинрэ Къардэн Мухьэмэдрэ. Хозрасчетым тету лажьэ механизаторхэм я мурад быдэщ къэкIыгъэ нэхъыщхьэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу тесэныр зэфIагъэкIыну, къыкIэлъыкIуэ губгъуэ лэжьыгъэхэми сыткIи зыхуагъэхьэзырыну, зэпэщу ирагъэкIуэкIыну.

ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР

Лэупащ1э Н. Къ. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъ етыным и Iуэхукlэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ПРЕЗИДИУМЫМ И

УКАЗ

Илъэс куэд хъуауэ прибор щIыным и Iэнатlэм зэфIэкI иIау зэрыщылажьэм папщIэ Налшык высоковольтнэ аппаратурэ заводым и директор Лэупащ1э Нурийдин Къамбулэт и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъ етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель КIУЭКIУЭ В.

Налшык къалэ,
1990 гъэм апрелым и 18-м.

«ТЕХНОПРИБОРРИ» ЯХЭТЩ

Илъэсищ япэкIэ къащтащ зэ фIэкI къамыгъэсэбэп мастэхэр щIыныр щIэгъэпсынщIэным теухуа программэр. Ар гъэзэщIэным елэжьхэм ящыщщ «Техноприбор» объединенэри. Абы къалэм къыщащIащ мастэхэр зэратхьэщIыи машинэ ищIыну. А мурадым папщIэ ди деж иджыри къэс къыщагъэсэбэпар нэгъуэщI къэралхэм щащI машинэщ.

— Дэ къызэдгъэпэщын хуейт ди хэку приборостроенэм щамылъэгъуа машинэ тщIыну, — жеIэ объединенэм и конструкторско-технологическэ бюром и унафэщIым и дэлэпкъуэгъу Волошин Ю. — Ди Iэщ1агъэлIхэм къагъэсэбэпащ Тюмень щыIэ «Медоборудование» щIэныгъэ-производственнэ объединенэм и идеер, ауэ щIэ куэди халъхьащ конструкцэм, технологием.

Технологическэ бюром чертежхэр игъэхьэзырри оборудованэ щхьэхуэхэр щащI заводым иритащ.

ХЭХЪУЭ КЪЫХУЕХЬ

«Былым» совхозым и Iэщыхъуэхэр нэгъабэ мыIейуэ лэжьащ. Лыр, цыр къэралым ещэнымкIэ планыр щIигъуу ягъэзащIащ. Хозяйствэм жэм къаш иIэкъым, апхуэдэу щытми, Iэщ гъэхъуным хэхъуэ цIабзэу сом мин 374-рэ къыпахащ.

Iэщыхъуэхэм мы гъэри мыIейуэ щIадзащ, щIымахуэ лъэхъэнэри зэпэщу къыздэкIынэкI. БлэкIа кварталым хозяйствэм лыуэ тонн 80 къэралым ирищэн хуеяти, абы тонни 2-кIэ щIригъэгъуащ. Iэщ1эвыщ1эу ящам дэтхэнэми ику иту килограмм 425-рэ къишэчащ. Абы я фIыщIэ мымащIэу хэлъщ былымгъашхэхэу Бразбиев Iэнуар, Сарбашев Муса, Хаммоев Салих, мэкъумылэр къезышалIэ механизатор Боллуев Борис сымэ. Ахэр Прохладнэ районым хозяйствэм щиIэ щIыпIэм щолажьэ инкIи дэтхэнэ Iэщ1эвыщ1эми и хьэлъагъым ику иту жэщ-махуэм граммэ 750-рэ хрогъэгъахъуэ.

Совхозым мэлуми 16 иIэщ, абы щыщу и зэхуэдитIыр лъэуэн-пIэнщ. Мэлыхъуэ пщыIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщыхуагъэхьэзыр мэлхэм я къэлъхуэгъуэм: чэтхэр жьы дэхунIэ имыIэу ягъэбыдэ, мэкъумылэр кърашалIэ, кIэпыбзу лажьэнухэр къыхах. Абыкlэ нэхъ зэфIэкI яIэщ Мирзоев Магомед, Афащоков Къанщобий, Мурачаев Зуфар, Атакуев Магомед сымэ зи лэгъупэжь гупхэм.

ДИ КАНДИДАТХЭР

ЦIЫХУПСЭМ ХУЭКIУЭ ГЪУЭГУМ ТЕТУ

1957 гъэм и августым, ди университетыр къызэIуахаи къуденуэ, яубжьыщIэ гуп экзамен ттырт. Сапэ къихуэу жэуап зыт щIалэр гъэхуауэ тепсэлъыхьырт Щоджэнцыкlу Алий и творчествэм, а усакIуэ щынкъэм и поэмэ гъуэзэджэхэм яхуэфащэн псалъэ тэмэми кIигъэтырт.

Сэ икъукIэ сигу ирихьат абы и жэуап тыкIэр. Сэ езым зыхихуэзгъэхьазырын хуей упщIэхэр, сIэщIэгъупщыкIыжауэ, щIалэм жиIэм сызыIэпищауэ седаIуэу сыщыст. Пэжыр жысIэнщи, куэд щIат сэ абы сигукIэ «тхуэ» зэрыхуэзгъэувэрэ.

Экзаменаторым жери:

— Афэрыми Билетым ита уи упщIэхэм дэгъуэу жэуап къептащ. ИтIани сэ зыгуэркIэ сыноупщIынут. Иджырей ди къэбэрдей усакIуэхэм ящыщу хэт сымэ я цIэ кIипIуэфын? Хэт сымэ я тхыгъэ нэхъ гунэс къэпщытхъурэ?

А упщIэ дыдэм пэплъэ нэхъей, щIалэщIэм къыжьдоху:

— КIыщокъуэ Алимрэ Тхьэгъэзит Зуеррэ!

Абы щыгъуэ Зуберн дэ, щIэтIысхьэхэм, нэхърэ зэрынэхъыжьыхьауи щIыIэкъым. Иужьыпэкlэ езы Зуберн къэтлъэгъуащ, хуэмхуэмурн къэтщIыхуащ. Ари студентт. Дэ езанэ курсым дыщыкIуэм, ар ещанэм хэсу дызыщIэтIысхьа филологическэ факультет дыдэм щеджэрт.

Абы щыгъуэ Зубер и ныбжьыкIэ щIалэми, и цIэр Къэбэрдей псом щыIэт, и усэхэр щIэх-щIэхыурэ газетым, альманахым («Iуащхьэмахуэ» журналыр иджыри къыдэкIыртэкъым, щыIэр альманахт — «Къэбэрдейкlэ» еджэу) къытехуэрт, радиокIи къатырт.

...Илъэс щэщIым щIигъуащ абы лъандэрэ. А зэманым кIриубыдэу Тхьэгъэзит Зубер и тхылъу тIощIым щIигъу (адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи) дунейм къытехьащ. Иджы абы и творчествэр ди республикэм и еджапIэхэм, ди университетым щадж, и тхылъ щыхъуэжар Москва урысыбзэкIэ къыщыдокI, и тхыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэкIи, нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIи зэрадэкI.

Пэж дыдэу, Зубер темыщIыхьауэ жыпIэми, усакIуэм и гъащIэр, абы и Iуэхущlафэр — гугъущ. Ари сэтеим щыукъуэдия гъуэгу занщIэкъым — дэтхэнэ зы щIэныгъэ кIэрыпсэа гъуэгу задэщ. Задэм къыщымыпэжуи, къэгъэпыпlабэщ. А къэгъэпыпlэхэри Iупщlу щытхъум, щыхупIэ дыдэм и бжьэпэми хуоз.

А гъуэгу гутъусыгъум и кIыхьагъыр заими ищIэркъым, и бгъуагъыри — ищIэкlэрэкъым. ИтIани абы тоувэ усакIуэр. Темыувэу мыхъу, тоувэ. Цыхум я дэж зы псалъэ, зи гупсысэ нихьсыну игу къыщыпыхьэ сыхьэтым щыщIэдзауи тоувэ. А гъуэгур зыхуэгъэзари, зыхуэкIуэри цIыхухэм я гурщ, я псэщ.

Ар хьилымкIэ мыхъуу, уеблэмэ Iэпкълъэпкъкlэ пасэу зыхэзыщIэ щыIэщ. Аращ пасэу усэн къызыхэкIри. Зубер апхуэдэхэм ящыщщ.

Иджы зэхъуэкIыныгъэм псори топсэлъыхь, куэди тотхыхь. Ауэ сыт зэхъуэкIыпхъэр? Сыт къэгъэпапхъэр? Абы и лъэныкъуэкIэ сэ гъэщIэгъуэн къысщыхъуащ мазэ бжыгъэ и пэкIэ ди педучилищэм щызэхэсхар. Зы егъэджакIуэ гуэрым мыпхуэдау жиIащ: «Сэ пхъурылъху щIалэ сиIэщ, тIэкIу тхэуэ. НтIэ, зэхъуэкIыныгъэр уэ дауэ къызэрыбгурыIуэр, жаIэу къыщеупщIым, мыр жэуапу яритыжащ: «КIыщокъуэ Алим хуэдэу тхэн хуейуэ арагь абы къикIырI».

Тхэн щIэзыдзэ щIалэм зи цIэ къриIуар КIыщокъуэ Алим и закъуэми, дэ нобэ напщIэтелъ тхуэхъупхъэу си гугъэщ илъэс зыбжанэкIэ уэзIэбэкIыжми, ди обществэр и пIэм иуджыхьу щита лъэхъэнэ мышыужыым щыгъуи — ахэр куэд дыдэ мыхъуми — «зи напэр щэкIэ тхэщIа» зыхужаIэм хуэдэ тханкIуэ, усакIуэ пажырылажьэ гуп ди лъэпкъ литературэм зэрыхэтар. «Уэ улIэ, пэж яжеIэ цIыхум», — итхыгъэщ абыхэм ящыщ зы Нало Заур, а лъэхъэнэ мышыужыым и курыкупсэм хуэдэу.

КIыхум и псалъэмрэ и Iуэхумрэ щызэтемыхуэн; псэ иIэми, имыIэми имыщIэжу, ар и фэмрэ и ныбэмрэ нэхъ щеIаIэ; псалъэ дыгъэлымрэ Iуэху мыфэмыщымрэ «щахьэмтетыгъуэ» зэманым кърихьыдэу Тхьэгъэзит Зубер лъэкI къимыгъанэу хуэлажьэрт цIыхугъэм, пэжыгъэм, дахагъэм.

Зыкъомым иджы дыдэщ къыщагубзыгъыжар «гуапагъэ», «гулъытэ», «гущIэгъу» жыхуиIэ псалъэхэр зэрыщыIэр, Зубер зэи щыгъупщакъым а псалъэхэм къаIуатэ гурыщIэр. Ущыуанури си гугъэкъым — ар цIыхугъэм, гуапагъэм я усакIуэщI жыпIэмэ; ауэ къыгуилъэфуи фIищагъэнкъым абы и зы тхылъ гуэрым цIуэ —«Гуапагъэ».

Апхуэдэ хьэлэлыгъэр армырауэ пIэрэ езыр талант жыхуаIэжыр?

Схуэубыдакъым си бзэр—
ари слъэгъуауэ,
Си псэр зыхьэхум —
Схублэмыкl:
Дуней дахагъэр,
ЦIыхуу къабзагъэр
Зым щыэбзыщIыну
схулъэмыкI.

Зэхэзыхыр даIуэрщ. Зылъагъурн плъэрщ. «Дахагъэм си псэр кънуIат». Псэр езыр дахэу щытын хуейщ— ар дахагъэм кънуIэн щхьэкIэ. Уи псэр дахэмрэ Iэфымрэ хуэдэу, уи гур дэтхэнэ цIыхуми хуэгъэзауэ щытмэ, зэи умылъагъухами мыпхуэдэу захуэбгъэзэну зыри хуэIуакъым:

Дызэхуэкъуэмэ,
зэпсалъэгъу,
Хъунщ дыхъункIи
зэныбжьэгъу.

Апхуэдизу цIыху хьэлэлым, гуапэм моуэ щыжиIэкIэ — дауэ шэч къызэрытепхьэжынур:

Гуапагъэр ару сфIощIыр
Мы щIыр зэтезыIыгъэр.
Дэтхэнэ зыми цIыхуфэ
еплъ. ЦIыху хуэдэуи хущыт.
Зэхэгъэжым гуемыIу кърокIуэ. Дунейр щIыIэмэ, гъащIэр фэщIэмэ, — уи гукIэ къыпхуэмыгъэвауэ, уи псэкIэ пхуэмыгъэщIэрэщIауэ арапщи, къуаншагъэр уи дей щылъагъуж.

Хамэм и гуауэр
пхуэмыгъэхъеймэ,
ДэIэпыкъуэгъу
ущIэмыхъуэпсэ.

Е:

Сегупсысу хамэ гъащIэм
Сэ си гъащIэм хьизгъэщI.
Хамэгу-хамащхьэу зыми
хущымыт, дэтхэнэми и фIым иригуфIэ, и гуауэм иринэщхьей цIыху фIэрафIэрщ мыпхуэдэ угъурлыгъэр зыIэщIалъагъунури:

ЩIылъэ шэрхъым гудзэ
къыхэхункъым —
ЦIыщIаупскIэу гущIэ мы
дунейм!

Гупсысэ кууре образ щIэщыгъуэхэмкIэ къулейщ Тхьэгъэзит Зубер «ПIщIыхьэпIэ» зыфища и поэмэр. Уеблэмэ, Зубер зыхуэдэ усакIуэр белджылы ирипщI хъунт, мис мы сатыр щIыкIунт къудейр щапхъэу а поэмэм къыхэхыжу:

Зым уэрэдыр IэщIоху —
Псалъэу хэтри макъамэри
мэтхъур.

Апхуэдэ фIыгъуэхэр поэмэм и куэдыкIейщ зыхэIэмэ, ар зи фIэщ мыхъун къыхуанэжыр зыщ — тхыгъэм езыр къеджэну е иджыри зэ къеджэжыну (ящэм къеджауэ щытмэ).

Хэлъэфауэ иджырей темэщ поэмэр зытеухуар — цIыхумрэ цIыхумрэ я зэхущытыкIэрщ. Насып жыхуаIэжыр а тIур щызэгурыIуэм дежщ.

Зэ дызыхуэзэри
щIымахуэу
Дэ псалъэ гуапэ
зэжетIати,
Зыкъигъэзат дунейм
гъэмахуэу...
А махуэр насыпыфIэ
хъуати!

Мыгъуагъэу щыIэр къэзыIэр зэгурымыIуэныгъэрщ.

Псалъэм я нэхъ лэщри —
лIащ.
ЦIыху емыдаIуэжыми
Дызэрымышхыжу, дызэрымыукIыжу. Зым жиIэр адрейм зэхихыу. Дызэрылъытэу, дызэрылъагъуу. Ярэби, апхуэдэу щхьэ дыпсэу мыхъурэ? Зэран къытхуэхъури хэт? Псоми цIыху цIэр зыхудогъэфэщэж. Тхуэфащэр пэжма, щхьэ цIыху хуэдэу дызэдемыкIуэкIыфрэ? Апхуэдэ куэдым урегъэгупсыс тхыгъэм.

Цыхум шэуэ зэхуадэу хъуар щIы-анэм и гущхьэм къыщоуэж. ИтIани а къемыдэIуэж и быным — цыхум — и гур хупихыу, абы фIыкIэ хуэхъуапсэрэ берычэткIэ етэу, езыр хьэзаб мыухыж хэту увыIэгъуэрэ псэхугъуэрэ имыIэу екIэрэхъуэкI щIыр къэпсэлъауэ щытатэмэ, Зубер и бзэкIэт къызэрыпсэлъэнур, жыпIэу укъодижэ поэмэми.

— Зы хьэдэ-лъхуэн и
нетым —
Щхьэмыж сымыщIу фэ
флъэгъуа?!
Си гущIэ мащIэрэ
кIыбдзакъым —
Сыгъэсажыну — шэ
къэплъа.
Ауэ зы къуэпс
къыдезгъэдзауэ
Зы ажальшэ фытеплъа?!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъагъуащ Тхьэгъэзит Зубер — ди республикэм ис тхакIуэхэм я творческэ организацэм и лIыкIуэу.

Усакlуэ, тхакIуэ куэд къэпсэлъащ Тхьэгъэзит Зубер и цIэр къыщраIуэ зэIущIэр щекIуэкIым. Абы яхэтщ адыги, балъкъэри, урыси. А псоми зыжьэу жаIащ Тхьэгъэзитым хуагъэфэща пщIэр зэригъэпэжыфынур, и творчествэмкIэ, и къулыкъум зэрыбгъэдэтымкIэ ар къызэригъэлъагъуэри къыхагъэщащ.

А пщIэ лъагэр езыхэм ящыщу нэхъ зыхуагъафэщэнур тхакIуэхэм ящIэжми, апрелым и 22-м хэхакIуэхэм Iэ щIаIэтырщ щIыпIэ парламентым и депутат хъунур.

13 хэхынIэ округыр зыхубыдэ хьэблэм щыпсэухэрщ зэлъытар ди тхакIуэхэм я унафэщI Тхьэгъэзит Зубер депутату хахынуми хамыхынуми. Дауи, а псоми Зубер яцIыхуркъым дэ, литературхэм, зэрытцIыхум хуэдэу.

Си жагъуэ мэхъу сэ а хьэблэм сызэрыдэмысыр. Сыдэсу щытами, Тхьэгъэзит Зуберт Iэ щIэсIэтыпыр. ЦIыхугъэ хэлъщи. Жиlэм тыбогъуэтэжри. ЦIыхум и гукъеуэр къыгуроIуэри. ЦIыхур я щхьэм ирелъытыфри.

Депутат псори апхуэдэу щытатэмэ, апхуэдэ зэщIэу депутатхэр къыхахыфауэ щытатэмэ, ди гъащIэр нэгъуэщI зыгуэр хъунт.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Налшык къалэм и Нэгумэ хэхынIэ округ № 30-м и хэхакIуэхэм «Къэббалъкъавтотранс» объединенэм и генеральнэ директорым и заместитель Гуэбэщ!ыкI Жантемыр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэм я кандидату къагъэлъагъуащ. Идиблагъэ ди корреспондентыр абы ещэлъащ.

— Жантемыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр щIэуэ хахащ Совет Нэхъыщхьэм щогугъ жыджэру лэжьэну. Ар куэдкIэ елъытащ абы хэт депутатхэр Iуэхум зэрыхуэхьэзырым, абыхэм я гупсысэкIэм, дэнэкIэ общественнэм зэрызнужьыну гъуэгу тэмэмхэр къызэралъагъуфым. Араш, дауи, хэхакIуэхэр езыхэм Iэ щIаIэтыну кандидатхэм теухуауэ нэхъыбэ зэрагъэщIэну щIыхущIэкъур. Закъэгъэщыхут абыхэм.

— Старэ Урыху къуажэм сыщалъхуащ, илъэс 51-рэ сохъу, сыунагъуэщ, бынитI сиIэщи, тIури балигъщ, мэлажьэ, сэ си Iэщ!агъэкIэ сыэкономистщ. Экономическэ щIэныгъэхэм сращандидатщ. Налшык кооператив техникумыр, нужькIэ Львов щыIэ сату-экономическэ институтыр къэзухащ. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм — потребкооперацэм, къэрал сатум сыщылэжьащ щIэныгъэпедагогическэ лэжьыгъэ сыпэрытащ.

Сэ сыкъышщагъэлъэгъуа хэхынIэ округым сыщопсэу. ФIыщIэ ин яхузощI апхуэдэ пщIэ къыслъызыгъэсахэм. Округым щыIэ щытыкIэм сыщыгъуазэщ, абы щыпсэу куэд соцIыху. Мы щIыпIэми, республикэ псом хуэдэуи зэфIэгъэкIын, зэгупсысын хуейуэ куэд щызэтрихьащ. Си гугъэщ цIыхухэм садэIэпыкъуфыну.

— Дэтхэнэ кандидатми, зэрыгурыIуэгъуэщи, езым и программэ иIэжщ. Ар щызэхидзхьэкIэ лъэпкъуэ псори зэпеплэч, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр ящэ ирегъэщ. Сыт хуэдэу щымытами, дэ апхуэдэущ къызэрытщыхьур. Атlэ уэ сыт нэхъ тегъэщIапIэ пщIахэр? НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи мурадхэр сыт?

— ИпэкIэ зэрыкъыслащи, сэ си Iэщlагъэкlэ сызэкономистщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ социально-экономическэ щытыкIэм сыщыгъуазэщ. Ар щIэныгъэкъуэн къыслхуэхъуащ си программэр щызэхэлъхьэн. Экономикэмрэ политикэмрэ зэхэлIащ зэгуэкIыпIэ имыIэу. Зым нэхъ адрейм щIимыхунэжIэ Iэпэгэ пIэкIым. Араш, политическэ Iуэхухэми хэщIыкI си гугъэщ. Сэ къызолъытэ республикэм щыIэ щытыкIэр мыщIагъуэу. Ди псэукIэр нэхъри зэIохэу, партым и пщIэр йохуэх. СызыхущIэкъунур ди гъащIэм и Iэнатlэ псори къэгъэщIэрэщIэжынырщ, ди псэукIэр зэрефIэкIуэкIыну Iэмалхэр къэлъыхъуэнырщ.

Сыт хуэдэ дерс къыхэсха иджы щыIэ щытыкIэм? Япэрауэ, псомкIи къуаншэр центральнэ властыркъым, иджыпсту зэрыжаIэщи, центрыркъым. Ди деж куэд дыдэ къыщоно. Етlуанэрауэ, республикэм бгъэдэлъ лъэщагъэр — финансовэ, материальнэ, производственнэ интеллектуальнэ кърарухэр фIыуэ къагъэзэбэныркъым. Мыбы 1988 гъэ лъандэрэ реконструкцэ щокIуэкI икIи планым тету ар щаухынур 1993 гъэращ. А лэжьыгъэм сом мелуани 7,5-рэ хухахащ. Ауэ, и лъэщагъэ псомкIи лажьэу щIидза нэхъ илъэсым консерв банкI мелуан 20 къыщIигъэкIынущ. Горох щхъуантIэу — мелуани 2, кабачки икрауэ — мелуани 2, жэгудэ икрауэ мин 200, кlэб икрауэ — 1 мелуан, нашэ гъэфIэгъуэ — мин 500, томату — 1 мелуан, мыIэрысэпсу банкI мелуани 4, жызымыпсу — мин 500 (зэкIэ планым хэмыту), кlэбыпсу — мин 500, пхъэщхьэмыщIхьэ, хадэхкI гъэгъуэу — тонн 150-рэ къыщIигъэкIынущ. Мы гъэм заводым фейдэуэ иIэн хуейщ сом мин 72-рэ.

— Ауэ, пэжыр жысIэнщи, иджыпстукIэ сыфхузмещIэт. Ди Iуэхур зэхэзэрыхьауэ йокIуэкI, зэIуба щыхъужынум деIэурэ дешащ. Ди заводымрэ япэм шагъэр къыщIэзыгъэкIыу щыта завод иджы консерв къыщIигъэкIыну зэрахъуэкIымрэ нэгъабэ сентябрь лъандэрэ дызэгъэкIауэ дыщхьэхуэщ. Адэкlэ дызэрыхъунурщIэркъым. Дожьэ ящIыщ хуей унафэм.

— АтIэ иджыпстукIэ сыт фи лэжьыгъэ?

— НобэкIэ продукцэ къыщIэдгъэкIыркъым, цIыхухэр ремонтым къыщыдгъэзэбэпу арац.

Тэрч консерв заводым и Iуэхущlафэхэм пцIгъуазэ зыхуэтщIын мурад дибэ дыщежьа щIэддзжьыр гъатхэ дыдэт. Куэд дэмыкIыу Тэрч дынэсри, заводым и унафэщIхэр здэщыIэ унэмкIэ дунэтIащ. Абы и директор Нэгъаплъэ Сулътlан дыздикIамрэ дыкIуэн хуей щIэхъуамрэ къыщицIэм, жиIащ:

— Уэлэхьэ, пэжыр жысIэнщи, иджыпстукIэ сыфхузмещIэт. Ди Iуэхур зэхэзэрыхьауэ йокIуэкI, зэIуба щыхъужынум деIэурэ дешащ. Ди заводымрэ япэм шагъэр къыщIэзыгъэкIыу щыта завод иджы консерв къыщIигъэкIыну зэрахъуэкIымрэ нэгъабэ сентябрь лъандэрэ дызэгъэкIауэ дыщхьэхуэщ. Адэкlэ дызэрыхъунурщIэркъым. Дожьэ ящIыщ хуей унафэм.

— АтIэ иджыпстукIэ сыт фи лэжьыгъэ?

— НобэкIэ продукцэ къыщIэдгъэкIыркъым, цIыхухэр ремонтым къыщыдгъэзэбэпу арац.

Директорыр щымыIэу къыщIэкIри, дызыхуэзар заводым и инженер нэхъыщхьэ Къудей Валерэщ.

Мыбы 1988 гъэ лъандэрэ реконструкцэ щокIуэкI икIи планым тету ар щаухынур 1993 гъэращ. А лэжьыгъэм сом мелуани 7,5-рэ хухахащ. Ауэ, и лъэщагъэ псомкIи лажьэу щIидза нэхъ илъэсым консерв банкI мелуан 20 къыщIигъэкIынущ. Горох щхъуантIэу — мелуани 2, кабачки икрауэ — мелуани 2, жэгудэ икрауэ мин 200, кlэб икрауэ — 1 мелуан, нашэ гъэфIэгъуэ — мин 500, томату — 1 мелуан, мыIэрысэпсу банкI мелуани 4, жызымыпсу — мин 500 (зэкIэ планым хэмыту), кlэбыпсу — мин 500, пхъэщхьэмыщIхьэ, хадэхкI гъэгъуэу — тонн 150-рэ къыщIигъэкIынущ. Мы гъэм заводым фейдэуэ иIэн хуейщ сом мин 72-рэ.

— Валэрэ, пэжыр жысIэнщи, иджыпстукIэ сыфхузмещIэт. Ди Iуэхур зэхэзэрыхьауэ йокIуэкI, зэIуба щыхъужынум деIэурэ дешащ. Ди заводымрэ япэм шагъэр къыщIэзыгъэкIыу щыта завод иджы консерв къыщIигъэкIыну зэрахъуэкIымрэ нэгъабэ сентябрь лъандэрэ дызэгъэкIауэ дыщхьэхуэщ. Адэкlэ дызэрыхъунурщIэркъым. Дожьэ ящIыщ хуей унафэм.

— АтIэ иджыпстукIэ сыт фи лэжьыгъэ?

— НобэкIэ продукцэ къыщIэдгъэкIыркъым, цIыхухэр ремонтым къыщыдгъэзэбэпу арац.

ГУЭБЭЩIЫКI Жантемыр:

«Сэ зэхъуэкIыныгъэм сыщIобэн»

Ещанэрауэ, фIэкIыпIэ имыIэу къызэтегъэувыIэн хуейщ цIыхухэм я псоукIэр зэрызэIыхьэр. Адэкlэ икIуэтыпIэ щыIэжкъым.

Мис а псоми тестщIыхьри, сэ си программэм щыубзыхуа Iуэхугъуэхэр Iыхьищ исщIыкIащ. Япэм щыубзыхуащ социальнэ захуагъэр зэфIэгъэувэн, тэмэму дыпсэун папщIэ лэжьыпхъэхэр. ЕтIуанэ Iыхьэм хохьэ экономикэр къэгъэщIэрэщIэжынным хуэгъэзауэ зэфIэгъэкIын хуейхэр. Ещанэм къыщыгъэлъэгъуащ ди политическэ псоукIэр ипэкIыпIэкIэ зэхъуэкIыным пыщIа Iуэхугъуэхэр.

— Жантемыр, дэ псори нэхъ дызыгъэпсейтейр цIыхухэм я псоукIэр егъэфIэкIуэн папщIэ лэжьыпхъэхэрщ. Абыхэм нэхъ зэхэхауэ я гугъу къытхуэщIыт.

— Сэ сызэреплъымкIэ, щIыр икIэщIыпIэкIэ етыжын хуейщ абы елэжьхэм, псом янэу ар Iэкlуэлъакlуэу, фейдэ пылъу везыхьэфынухэм. Мэкъумэшыщlэхэр колхозхэм къыхэкIыжыну хуит щыIэн хуейщ, щIы Iыхьэ, абы зэрелэжьын Iэмэпсымэ ираткIэрэ. Дэ ди тыкуэнхэм ерыскъы къыщIалъхьэжын папщIэ а зы гъуэгурщ слъэгъур.

— Социальнэ Iуэхухэр зэфIагъэкIыщыр жэуаплыпIагъэм имылъхьэу пIэрэ?

— Шэч хэлъкъым. Дэнэ къэдгъэкIыжынщ РСФСР-м и щIыналъэ 73-м хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр социальнэ зыужьыныгъэмкIэ нэхъ къыкIэрыхуэхэм зэращыщыр. ЦIыхухэр зыщIэсэуну унэкIэ къызэгъэпэщын я лъэныкъуэкIэ дэ 52-нэ, сымаджэщхэмкIэ — 64-нэ, культурэм и Iуэхущlапlэхэмкlэ — 59-нэ, псоуплэ ухуэныгъэм хуаутIыпщ къэрал капитальнэ хэлъхьэныгъэхэм я инагъымкIэ — 63-нэ увыIэжхэм дыщыIэщ.

Сэ ди округым щIэпсэуну хэхынIэ округым сыщопсэу. ФIыщIэ ин яхузощI апхуэдэ пщIэ къыслъызыгъэсахэм. Округым щыIэ щытыкIэм сыщыгъуазэщ, абы щыпсэу куэд соцIыху. Мы щIыпIэми, республикэ псом хуэдэуи зэфIэгъэкIын, зэгупсысын хуейуэ куэд щызэтрихьащ. Си гугъэщ цIыхухэм садэIэпыкъуфыну.

— Дэтхэнэ кандидатми, зэрыгурыIуэгъуэщи, езым и программэ иIэжщ. Ар щызэхидзхьэкIэ лъэпкъуэ псори зэпеплэч, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр япэ ирегъэщ. Сыт хуэдэу щымытами, дэ апхуэдэущ къызэрытщыхьур. Атlэ уэ сыт нэхъ тегъэщIапIэ пщIахэр? НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи мурадхэр сыт?

— ИпэкIэ зэрыкъыслащи, сэ си Iэщlагъэкlэ сызэкономистщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ социально-экономическэ щытыкIэм сыщыгъуазэщ. Ар щIэныгъэкъуэн къыслхуэхъуащ си программэр щызэхэлъхьэн. Экономикэмрэ политикэмрэ зэхэлIащ зэгуэкIыпIэ имыIэу. Зым нэхъ адрейм щIимыхунэжIэ Iэпэгэ пIэкIым. Араш, политическэ Iуэхухэми хэщIыкI си гугъэщ. Сэ къызолъытэ республикэм щыIэ щытыкIэр мыщIагъуэу. Ди псоукIэр нэхъри зэIохэу, партым и пщIэр йохуэх. Сызыхущlэкъунур ди гъащIэм и Iэнатlэ псори къэгъэщIэрэщIэжынырщ, ди псоукIэр зэрефIэкIуэкIыну Iэмалхэр къэлъыхъуэнырщ.

Сыт хуэдэ дерс къыхэсха иджы щыIэ щытыкIэм? Япэрауэ, псомкIи къуаншэр центральнэ властыркъым, иджыпсту зэрыжаIэщи, центрыркъым. Ди деж куэд дыдэ къыщоно. Етlуанэрауэ, республикэм бгъэдэлъ лъэщагъэр — финансовэ, материальнэ, производственнэ интеллектуальнэ кърарухэр фIыуэ къагъэзэбэныркъым. Мыбы 1988 гъэ лъандэрэ реконструкцэ щокIуэкI икIи планым тету ар щаухынур 1993 гъэращ. А лэжьыгъэм сом мелуани 7,5-рэ хухахащ. Ауэ, и лъэщагъэ псомкIи лажьэу щIидза нэхъ илъэсым консерв банкI мелуан 20 къыщIигъэкIынущ. Горох щхъуантIэу — мелуани 2, кабачки икрауэ — мелуани 2, жэгудэ икрауэ мин 200, кlэб икрауэ — 1 мелуан, нашэ гъэфIэгъуэ — мин 500, томату — 1 мелуан, мыIэрысэпсу банкI мелуани 4, жызымыпсу — мин 500 (зэкIэ планым хэмыту), кlэбыпсу — мин 500, пхъэщхьэмыщIхьэ, хадэхкI гъэгъуэу — тонн 150-рэ къыщIигъэкIынущ. Мы гъэм заводым фейдэуэ иIэн хуейщ сом мин 72-рэ.

— Валэрэ, пэжыр жысIэнщи, иджыпстукIэ сыфхузмещIэт. Ди Iуэхур зэхэзэрыхьауэ йокIуэкI, зэIуба щыхъужынум деIэурэ дешащ. Ди заводымрэ япэм шагъэр къыщIэзыгъэкIыу щыта завод иджы консерв къыщIигъэкIыну зэрахъуэкIымрэ нэгъабэ сентябрь лъандэрэ дызэгъэкIауэ дыщхьэхуэщ. Адэкlэ дызэрыхъунурщIэркъым. Дожьэ ящIыщ хуей унафэм.

— АтIэ иджыпстукIэ сыт фи лэжьыгъэ?

— НобэкIэ продукцэ къыщIэдгъэкIыркъым, цIыхухэр ремонтым къыщыдгъэзэбэпу арац.

ЦIЫХУХЭР НЭХЪ ЗЫХУЭНЫКЪУЭМ ТЕГЪЭЩIАУЭ

— А ремонтым пымыщIахэр-щэ?

— Абыхэм ящыщу отпуск кIуэн хуейхэр дгъэкIуащ, ахъшэ едмыту зызыгъэпсэхуну хуейхэри дутIыщащ. Яхуэ заводыщIэм кIуэжа куэди щыIэщ.

— Къызэрыдгурыlуамкlэ, а заводыщIэр мыбы нэхърэ нэхъыщхьэу ,щытынущ.

— Пэжщ, дыдейм нэхърэ «нэхъыщIэмкIэ» проектымкIэ нэхъыщхьэущ зэрауэрэр.

Дэри абы дыкIуащ. ПщIантIэм удыхьа нужь плъагъур адэ-мыдэкIэ щызытелъ мывэ самэхэмрэ кумбкынтIыкIахэмрэщ. ФIыуэ зумыплъыхьмэ унафэщIхэр зыщIэс унэм гу лъумытэнкIэ хъунущ. Ар зыхуей хуэзакъым идкыпстукIэ, пщIантIэми тепlэ щIагъуэ иIэу жыпIэфынукъым, ауэ а псори зэлъытауэ щытыр зэманырщ. Зыхунэмыса Iэдакэ хэлъщ Iуэхум, арщхьэкIэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэпIуэ имыIэу йокIуэкIри, куэд мыщIэу заводым тепlэщIэ зэригъэтыныр уи фIэщ мэхъу.

Директорыр щымыIэу къыщIэкIри, дызыхуэзар заводым и инженер нэхъыщхьэ Къудей Валерэщ.

Мыбы 1988 гъэ лъандэрэ реконструкцэ щокIуэкI икIи планым тету ар щаухынур 1993 гъэращ. А лэжьыгъэм сом мелуани 7,5-рэ хухахащ. Ауэ, и лъэщагъэ псомкIи лажьэу щIидза нэхъ илъэсым консерв банкI мелуан 20 къыщIигъэкIынущ. Горох щхъуантIэу — мелуани 2, кабачки икрауэ — мелуани 2, жэгудэ икрауэ мин 200, кlэб икрауэ — 1 мелуан, нашэ гъэфIэгъуэ — мин 500, томату — 1 мелуан, мыIэрысэпсу банкI мелуани 4, жызымыпсу — мин 500 (зэкIэ планым хэмыту), кlэбыпсу — мин 500, пхъэщхьэмыщIхьэ, хадэхкI гъэгъуэу — тонн 150-рэ къыщIигъэкIынущ. Мы гъэм заводым фейдэуэ иIэн хуейщ сом мин 72-рэ.

— Валэрэ, пэжыр жысIэнщи, иджыпстукIэ сыфхузмещIэт. Ди Iуэхур зэхэзэрыхьауэ йокIуэкI, зэIуба щыхъужынум деIэурэ дешащ. Ди заводымрэ япэм шагъэр къыщIэзыгъэкIыу щыта завод иджы консерв къыщIигъэкIыну зэрахъуэкIымрэ нэгъабэ сентябрь лъандэрэ дызэгъэкIауэ дыщхьэхуэщ. Адэкlэ дызэрыхъунурщIэркъым. Дожьэ ящIыщ хуей унафэм.

— АтIэ иджыпстукIэ сыт фи лэжьыгъэ?

— НобэкIэ продукцэ къыщIэдгъэкIыркъым, цIыхухэр ремонтым къыщыдгъэзэбэпу арац.

АВТОМОБИЛЬ ПСЫНЩIЭХЭМ ПАПЩIЭ

«Телеавтоматика» заводым щIэхэм зэрыпащIэ тягово-

зитI хъуауэ зэрагъэпэщын. Абы лажьэу щIидзэжми, ерыскъым текIуэдэр процент 50-кIэ нэхъ пуд хъуну. Псоуплэ хьэблэм

УЩIЭТХЬЭУСЫХЭН ХЭТЛЪЭГЪУАКЪЫМ

...Илъэс щэщIым щIигъуащ абы лъандэрэ. А зэманым кърихыдэу Тхьагъэзит Зубер и тхылъу тIощIым щIигъу (адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи) дунейм кытехьащ. Иджы абы и творчествэр ди республикэм и еджапIэхэм, ди университетым щадэ, и тхылъ щхьэхуэхэр Москва урысыбзэкIэ къыщыдокI, и тхыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэкIи, нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIи зэрадэкI.

Пэж дыдэу, Зубер темыщIыхьауэ жыпIэми, усакIуэм и гъащIэр, абы и IуэхущIафэр — гугъущ. Ари сэтеим щыукъуэдия гъуэгу занщIэкъым — дэгъэзыгъуэм кIэрыупсэ гъуэгу задэщ. Задэм къыщымыкIуэи, къэгъэшыпIабэщ. А къэгъэшыпIэхэри Iупщlу щытхъым, щыхуIэ дыдэм и бжьэпэми хуоза.

А гъуэгу гугъусыгъум и кIыхьагъыр зыми ищIэркъым, я бгъуагъырщи — ищIэххэркъым. Итlани абы тоувэ усакIуэр. Темыувэу мыхъуу, тоувэ. Щыхум я деж зы псалъэ, зы гупсысэ нихьсыну ягу къащыпыщIэхэм зэрыпащIэ тяговосцепной Iэмэпсымэ, ящIу щIадзэнущ пхъэм зэрелажь станок. Ар къагъэсэбэп хъунущ унагъуэхэми.

Цехым мы гъэм щIыхуэм къагъэсэбэп хьэпшыпэ сом зы мелуан и уасэ къыщIигъэкIынущ.



Самородов Александр (сурэтым) Налшык высокольтнэ аппаратурэ заводым и слесарь-инструменальщик нэхъыфIхэм ящыщщ. Александр и Iэщlагъэм фIыуэ кепщыкI, къыщIигъэкI пкъыгъуэхэр ОТК-м зэ сплъыгъуэкIэ Iех.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

АВТОМОБИЛЬ ПСЫНЩIЭХЭМ ПАПЩIЭ

«Телеавтоматика» заводым щIыхуэхэм куэду къагъэсэбэп хьэпшыпхэр щащI и цехым иджыри къэс къыщыщIагъакIыу щытар сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпэ унагъуэхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмрэт. Иджы мы-бы щащI автомобиль псынщIэхэм зэрыпащIэ тяговосцепной Iэмэпсымэ, ящIу щIадзэнущ пхъэм зэрелажь станок. Ар къагъэсэбэп хъунущ унагъуэхэми.

Цехым мы гъэм щIыхуэхэм къагъэсэбэп хьэпшыпэ сом зы мелуан и уасэ къыщIигъэкIынущ.

УЩIЭТХЬЭУСЫХЭН ХЭТЛЪЭГЪУАКЪЫМ

Щыхум гукъеуэ гуэр имыIэу ауэ сытми гъуэгу теувэркъым. Мис апхуэдэ гуэрщ редакцэм Тенджыз Олег къэзышари.

КъызытекIуэхьамкIэ дыщеущIым, и анэм и лъэIукIэ къэкIуэн хуей зэрыхъуар къыджиIащ. Олег «Налшык» джэдкъаз фабрикэм и лэжьакIуэхэм щхьэкIэ яухуа псэупIэ хьэблэм и анэмрэ и къуэшымрэ и гъусэу щопсэу. Фабрикэм илъэс 16 лъандэрэ щолажьэ Олег и анэ Тенджыз Ленэ. ИкIи, дауи, абы игу къеуэ Iуэхугъуэ гуэрхэри щыIэщ. Редакцэм щекIуэкIа псалъэмакъым нэхъыщхьэу къыхэщар зыщ: фабрикэм и унафэщIхэм цIыхубзым хуэфащэ гулъытэ къыхуащIыркъым. «Сыт хуэдэ гулъытэ зи гугъу щщIыр? Нэхъ пыухыкIауэ къыджепIамэ, зыгуэркIэ дыбдэIэпыкъуфынт», — щыжиIэм, Олег аргуэру и псалъэмакъым нищащ: «Анэм и лэжьапIэм мыхъумыщIагъэ куэд щокIуэкI, илъэс 16-м и кIуэцIкIэ Щlыхь е Щытхъу тхылъу зы къратауэ аращ, хъарзынэу лажьэ пэтрэ. Щlымахуэм зэрылэжьэи щыгъын хуабэ къратыркъым, материальнэ и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъакъуэркъым. Дэтхэнэр жыпIэн. ФынакIуи флъагъунщ Iуэхур зыIутыр».

Пщэдджижьым джэдкъаз фабрикэм дыкIуэри, абы и директор Ансокъуэ Къэралбий зыхуэдгъэзащ икIи лэжьакIуэ Тенджыз Ленэ и Iуэхур зэхэдгъэкIыну дызэрыкIуар щыжетIэм, ар тIэкIу къэуIэбжьащ.

— Ярэби, нэгъуэщI зыгуэркIэ фыкъызэмыупщIыфыну пIэрэ? Уэлэхьэ, Ленэ и тхьэусыхафэхэм щхьэкIэ мыбы щIыху куэд къэкIуам. икIи псори езым хуэзэурэ и гукъеуэхэр жрагъэIам. Дэри тлъэкI къэдгъэнауэ сщIэркъым а щIыхубзым дэIэпыкъунымкIэ. Уеблэмэ, абы хуэтщIам хуэдиз зыхуэтщIа лэжьакIуэ диIэкъым.

— Ар дауэ?

— Мис, феплъ. Зыщlэс пэши 3 хъу фэтэрым щхьэкIэ иджыри къэс фэтэрыщIэу зы сомэ къеIыдмыхауэ ар фабрикэм хуэт. Сом 530-рэ текIуадэу зыщIэс унэр ремонт хуедгъэщIащ, гаражыр щащIым зыхуеину материалкIэ дыдэIэпыкъуащ. Гъэ къэс ахъшэкIэ дыдоIэпыкъу, псалъэм папщIэ, мы гъэр къызэрихьэрэ сом 200 еттащ. Улахуэри Iейкъым, нэгъабэ ику иту мазэм сом 252-рэ кънхьащ, абы нэхърэ нэхъыбэ Iэпыдзлъэпыдз лэжьакIуэхэм къахьыркъым. Атlэ, сыт иджыри дэ тлъэкIынур? А зыракъым дэ лэжьакIуэу диIэр, ауэ и унагъуэ Iуэхур зыIутым дыщыгъуазэщи, тфIэгуэныхь мэхъури аращ ди нэIэ щIытедгъэтыр.

— Зэрыжыпlэмкlэ, тхьэусыхафэм лъабжьэ иIэкъым?

— Хьэуэ, апхуэдэ дыдэуи схужыIэнукъым. Сэ сыткIэ сщIэрэ абы игу къеуэ псори. Дэ дызыщымыгъуазэ къыжаIагъэнщ. Ауэ иджыри зэ къытызогъэзэжри, дэ тлъэкI къэдгъанэркъым.

Абы хэту пэшым зы цIыхухъу къыщIыхьэри сэлам къыдихащ.

— ЗэгъэцIыху. Хьэсэн. Мыр газетым кънкIащ Тенджызым и тхьэусыхафэр зэхигъэкIыну, — жиIащ директорым. — Мыр Хьэвэщхьэ Хьэсэнщ, ди профкомращ.

— Уэлэхьэ, сэ зыри вжезмыIэфыну. Мыбы комиссэу къэкIуахэм си щхьэр здэсхьынур сымыщIэу сыкъагъэнащ. Сщlэнур сщlэркъым. ЗыщlэлъэIур хуэтщIэм, нэгъуэщI зыгуэр къегупсысри, мэтхьэусыхэ. Апхуэдэу куэд лъандэрэ къокIуэкI. Ноби къызжиIар мыращ: «Хадэ щысщIэн щIы къызэфти, хэмыгъуэщIэну баш схухэфтэ, щIым удобренэ схутефкIутэ». Ар сщIэну си къалэн? Хадэ хуеймэ, къратынущ. Ауэ илъэсыхьын хуейр езы унагъуэращ.

Псалъэмакъыр екIуэкIыу пэшым езы Ленэ къыщIохьэ. Ар и теплъэкIэ цIыхубз хэкIуэтащ, гугъуехь куэд зэрилъэгъуар и нэгум итщ. ДызэпсэлъыIа иужь, мис мыхэр къыджиIащ:

— Сэ щхьэгъусэ сиIэжкъым, си къуитIым сабгъэдэсщ. Колхоз пенсэ къызохь, ауэ си унагъуэ Iуэхур зэрызэхуэмыхъум къыхэкIыу сымылажьэу хъуркъым. 1974 гъэ лъандэрэ сыщIытеукIытыхьын лъэпкъ зэи къэзгъэхъуакъым.

— Ленэ, дэ дыкъыщIэкIуар уи къуэм къыджиIа Iуэхугъуэхэращ. Ауэ абы нэхърэ уэ, езым, псори къытхуэпIуатэмэ нэхъыфIт.

— Алыхь, мызэ-мытIэ сэ ахэр зэрыкъыслар, ауэ Iуэхум зикI зихъуэжауэ слъагъуркъым. Псалъэм папщIэ, илъэс 16-м кърихубдэу зы щIыхь къызэтауэ аращ, медали, нэгъуэщI саугъэти къыскIуагъэфэщакъым. Щыгъын хуабэ—кIагуэ е джэдыгу къызатыркъым. Итlэситlым зэ фIэкIа ямыту жаIэ. Ахъшэкlэ къыздэIэпыкъуэркъым. Сызыщlэс унэм пщIэ зэрыщIэзмытыр зэпымууэ къызахъуэн. Куэд мэхъу си гукъеуэхэр, ауэ лэжьыгъэм сыпэрыхьажьын хуейуэ сопIащIэ, — къотэджык щIэкIыжыну.

— Ленэ, апхуэдэу лэжьакIуэ псоми яхущыт, хьэмэрэ уэ ухаубыдыкIауэ къыщыхъурэ?

— Адрейхэм я Iуэху сэ зесхуэркъым, сыщIэпсэлъар си щхьэ закъуэращ. Къыскъуэвгъэгъу, сопIащIэ, — жеIэри бжэмкIэ егъазэ.

— Дэ дыкъыщIэкIуар уэращ. Уэ дакъикъитхукIэ зыпIэжьэи бдэркъым. Дауэ ар къызэрыбгурыIуэнур?

— Итlанэ, итlанэ сэ езыр редакцэм сынэкIуэнщ. Иджыпсту сопIащIэ, — жиIэурэ кабинетым щIокIыж.

— Мис араш, зэрыфлъагъущи. ДыщlэмыкIыу дыщIэсамэ дауэ зищIыну пlэрэт? Ауэ, иджы-щэ... сщIэркъым, фэ езым зэхэвгъэкI хэт къуаншэми, — директорыр и пIэм мэтIысыж.

— Щыгъын хуабэ зэревмытыр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр хуэвмыгъэфэщар пэж? — доупщI абы.

— Ар куэд щIауэ игу къоуэ абы. Дапщэрэ гурыдгъэIуа кIагуэр илъэситIым зэ фIэкIа зэрыдмытыр. Абы жыхуIэ медалыр зыхуэбгъэфащэ хъун цIыху куэд диIэщ, ауэ псоми яттакъым иджыри. Ленэ сыткIэ абыхэм нэхърэ нэхъ лей? Иджы джэдыгу еттын хуейуэ къытпеубыд. Дауэ зэреттынур? Нэгъабэ джэдыгуи 5 къытхуэкIуати, зыр фабрикэм и къыдыхьэнIэм деж щыс хъумакIуэм еттащ, зыр джэдIус зезышIэ шоферым, ещанэр цехым и унафэщIым, мыдрей тIур бухгалтерием ялъысащ.

Иджы фабрикэм и унафэщIхэм цIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэм теухуауэ. Лыр (килограммыр 1 сомрэ кIэпIейкIэ 60-рэ), джэдыкIэу (кIэпIейкIи 6) зыхуейм хуэдиз ирашэ. Шхапlэр мазитI хъуауэ зэрагъэпэщыж. Абы лажьэу щIидзэжмэ, ерыскъыхэкI щащэ тыкуэн дэтщ.

Фабрикэм и псэупIэ хьэблэм нэмыщI, дэтхэнэри фэтэр 80 хъууэ псэупIэ унитI илъэситкIэ я у х у э н у щ. ЦIыху 234-рэ щIэхуэу общежит, цIыкIуи 100 щапIу сабий сад яIэщ, ауэ ар нэхъ ин ящIын я гугъэщ. ЩIалэгъуалэм спорт комплекс унащI. ПсэупIэ хьэблэр зэIузэпэщ щIыным нэгъабэ сом мин 25-рэ трагъэкIуэдащ. Езы фабрикэм и хэщIапIэр зэIузэпэщ щIыным нэгъабэ сом мин 60, мы гъэм сом мини 100 хухахащ.

Нэгъабэ илъэсым ику иту мазэ улахуэр сом 223-м нэсащ, саугъэту илъэсым и кIэм сом мин 25-рэ лэжьакIуэхэм иратыжащ.

Коллективым и къалэнхэр мыIенуэ егъэзащIэ. Къэгъэлъагъуэмэ, гъэ кIуам джэдыкIэ къыщIахынымкIэ планыр проценти 100,2-кIэ, джэдыл щэнымкIэ — 104,4-кIэ игъэзащIащ. Псори зэхэту сом мелуани 6-рэ мини 133-рэ и уасэ ящащ. Ар планым нэхърэ сом мин 691-кIэ нэхъыбэщ.

Атlэ апхуэдэ лэжьыгъэфI зиIэ цIыхухэр гулъытэншэу къагъанэу дауэ зэрыкъыIэнур? Зи гугъу тщIа цIыхубзми и Iухум нэхъыбэу хэлъыр езым и хьэл, и дуней епIыкIэр арагъэнщ. УнафэщIхэм я деж зыгуэрхэр къыщынэу къыщIэкIынщ, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гуэр ар щIэтхъэусыхэм хэтлъэгъуакъым. Зы чэнджэщ ттыну дыхуейт абы къыхэкIыу: пэжыр пхущIэуфэнукъым, къэгупсысахэри лъэлъэжынущ. Пэжым утетыну ухуеймэ, нэхъыфIыр икIи нэхъ тэмэмыр уи псалъитI зэтехуэу, жыпIэм утрагъэтэжу упсэуныр щ.

КЪУМЫКЪУ Жанхэ.

ХЭТЛЪЭГЪУАКЪЫМ

Директорыр щымыIэу къыщIэкIри, дызыхуэзэр заводым и инженер нэхъыщхьэ Къудей Валерэщ.

Мыбы 1986 гъэ лъандэрэ реконструкцэ щокIуэкI икIи планым тету ар щауихыну 1993 гъэращ. А лэжьыгъэм сом мелуани 7,5-рэ хуэхахащ. Ауэрэ, и лъэщагъ псомкIи лажьэу щIидза иужь илъэсым концерн банкI мелуан 20 къыщигъэкIынущ. Горох щхьэунтIэу — мелуани 2, набачки икрауэ — мелуани 2, жэгундэ икрауэ мин 200, къэбэ икрауэ — 1 мелуан, нащэ гъэфIэIуэу — мин 500, томату — 1 мелуан, мыIэрысэпсу банкI мелуани 4, жызымыпсу — мин 500 (зэкIэ планым хэмыту), къэбыпсу — мин 500, пхъэщхьэмыщIхьэ, хадэхэкI гъэгъуауэ — тонни 150-рэ къыщIигъэкIынущ. Мы гъэм заводым фейдэу иIэн хуейщ сом мин 72-рэ.

— Валэрэ, цеххэм щIэнгъэувэ оборудованэр ди къэралым ей, хьэмэрэ нэгъуэщIыпIэ къраша ахэт?

— Нэхъыбэр ди къэралым щащIащ, ауэ Венгриэм кърашаи ахэтщ. Апхуэдэщ, нащэ зэрашууну линэр, хьэзыр хъуа продукцэр зэрырагъэшэнум хуэдэу зэрагъэхьазырыну линэр. Абыхэми куэд мыщIэу лажьэу щIадзэнущ.

— ЦIыху дапщэ щылэжьэну заводым?

Ику иту цIыху 280-рэ, иджыпстукIэ диIэр цIыхуи 110-рэщ. Абы къыщынэмыщIауэ, студентхэр гъэлэжьэным дыкъыпыкIынурэ, сезонным деж цIыхуу дызыхуеинум хуэдиз Прохладнэ, Май районхэм кънтIыпынущ. Мыри дигу илъщ. Лэжьапlэ Iумыт унэгуащэхэри здэдгъэIэпыкъунущ. КъыныхащIыкIынури, банкIри, щхьэтепIэри яхуэтшэнурэ, хьэзыр ящIа иужь къеIытхыжурэ и фIагъым елъытауэ и уасэри еттынущ. Апхуэдэ здэлэжьэкIэм лъэныкъуитIым дежкIи фейдэ пылъщ.

— Сыт иджыпсту нэхъ фыкъэзыгъэгуавэр?

— ЦIыхухэм щыпсэуи зэрамыIэр яIэ дыдэ идмыгъэувэу хъуркъым. Абы къыхэкIыу фэтэр 90 хъунэм и проект хьэзыр ящIыну дыщIэлъэIуащ. цIыкIуи 140-рэ щапIэи сабий сад тщIынущ. Заводым иIэнущ общежит, шхапIэ, медпункт. НэгъуэщI ухуэныгъэхэри дгъэгувэнукъым. Ар ди лэжьакIуэхэм я гъащIэр зэIузэпэщ щIыным теухуауэщ. Лэжьыгъэмкlэ бунэтIыкмэ, гугъу дохь транспорткIэ, ухуэныгъэ материалхэмкIэ, оборудованэм етхьэлIэн нэгъуэщIхэмкIэ. «Псом ящхьэраши, шагъир къыщIигъэкI фIэкIа нэгъуэщI продукцэм «хуемылъэкIа» заводым иджы цIыхухэр зыхуэныкъуэ ерыскъыхэкIэр гъэхьазырыным зретри, ар гуапэщ.

ди корр.

● Іэщ гъэхъуныр Іэнатіэ нэхъыщхьэщ

ГъэзэкІуэжыпхъэхэр куэдщ

Мы гъэм и япэ кварталыр, щІымахуэ лъэхъэнэм шыпсу блэкІа зэманыр республикэм и Іэщыхъуэхэм къызэрызэранэкІам теухуауэ* ди корреспондентыр «Къэбалъкъэкивпром» къэрал-кооперативнэ объединением и председателым и къуэдзэ Бжахъуэ Сают щеупщІым, къыкриІащ:

— Мы гъэм и япэ кварталым колхозхэм, совхозхэм, нэгъуэщІ мэкъумэш Іуэхущіапіэхэм я нэхъыбапІэм Іэщхэкіыу къалэжьым, къэралым ирашэм, абы и фІагъым хагъэхъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ мы гъэм Прохладнэ, Тэрч районхэм лъуэ къалэжьар процент 24,9-кІэ, 5,9-кІэ нэхъыбащ. Унагъуэхэм къыщащэхуэри хэту колхозхэмрэ совхозхэмрэ я зэманым шэуэ къашар тонни 180-кІэ хэхъуащ. Илъэсым и пэм щыщІэдзауэ хозяйствохэм яІэ жэм бжыгъэм щыщ дэтхэнэми къыщІашар килограмм 5-кІэ нэхъыбэщ икІи килограмм 697-рэ хъуащ. Май, Прохладнэ, Аруан районхэм а бжыгъэр килограмм 707—960-м щынэсащ. Джэдыкіэу нэхъыбэ къыщІахащ джэд гъэхъуныныкІэ республиканскэ объединением и предприятэхэмрэ хозяйствохэмрэ. Дэдыкъуэ, Тэрч районхэм къыщынэмыщІауэ адрейхэм жэмым, кхъуэм я бжыгъэр щыхэхъуащ.

Блэкіа мазищым дыр къэралым ещанэмкІэ планыр процент 19,6-кІэ, шэмкІэ — 3-кІэ, джэдыкІэмкІэ — 8,5-кІэ щІигъуу гъэзэщІа хъуащ.

Апхуэдэу щытми, колхоз, совхоз, район щхьэхуэхэм дисциплинэ щІагъуэ зэрыщымыІам, Іуэхур тэмэму зэрамыгунэтІам къыхэкІыу Іэщхэкіыу къалэжьым кІэрагъэхуащ, а Іэнатіэм хуащІ гулъытэр къагъэлъэхъыщащ. Нэгъабэ и япэ кварталым елъытауэ мы гъэм и мазищым былымыдУ, джэдкъамбу къалэжьар процентыр 8,6-кІэ нэхъ мащІэщ, шэуэ къашами тонни 35-кІэ кІэрагъэхуащ. Шэуэ къашыр хэщІыкІыу ягъэмэщІащ Май, Тэрч районхэм, Налшык къалэм я хозяйствохэм. Абыхэм мазищым ижу яту жэм къэс къыщІашар 25—30-кІэ нэхъ мащІэщ.

Пэом хуэмдэу Іуэхур зэкІэгъымыкІуэщ джэдыкІэ кхъухьымкІэ. Нэгъабэ елъытауэ блэкІа кварталым джэдыкІэу республикэм къыщІахар процент 12-кІэ, Баксан районым — 22,5-кІэ, Прохладнэм — 53,6-кІэ, Аруанэм — 76,8-кІэ щынэхъ мащІэщ.

Іэщ гъэхъуным пыкІуэныгъэ иІэныщІмэ идырэ къэс хэхъо хъунэщ. Ар былым, джэдкъаз фермэхэм хагъэхъуэныр зэрахуэфІэмыкІырщ. Дыщтепсэлъых лъэхъэнэм изгъэбэ елъытауэ Іэщ бжыгъэр хозяйствохэм гъэхуащ. Хозяйствохэм къэралым джэдыкІэу ирашэр мелуани 4-кІэ нэхъ мащІэщ. Тэрч районымрэ Налшык къалэмрэ къыщынэмыщІауэ адрей районхэм джэдыкІэу ящам хагъэщІащ. Лыр къэралым ещанымкІэ планытелъа хозяйствэ 124-м щыщу 27-р абы палъэщакъым, щІыхуэу тонни 700-м щІигъу къатенащ. Хозяйствэ 70-м нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэфІэкІауэ щытам нагъэсыфакъым икІи япэ кварталым яшар тонни 3.200-кІэ нэхъ мащІэщ. Лыр щэнымкІэ Тэрч районым щыІэ «Заветы Ленина», Аруан районым Крупскэм и цІэкІэ щыІэ колхозхэм, «Хьэбэз», «Мало-Къэбэрдей» совхозхэм, «Къэбэрдей» шы заводым квартал планыр зарагъэзэщІар проценти 6—58-щ.

Колхозу, совхозу 113-м щыщу хозяйствэ 33-рэ шэр щэнымкІэ планым палъэщакъым, щІыхуэу тонни 1.067-рэ къатенащ. АбыкІэ я Іуэху нэхъ зэкІэлъыкІуэщ «Сукан-Су», Аруан районым Кировым и цІэкІэ щыІэ колхозхэм, «Малка» шы заводым, «Новая Балкария», «Ерокъуэ» совхозхэм. Жэм къэс щэуэ къыщІашэр хозяйствэ 50-м ягъэмащІащ. Блэкіа кварталым ику иту жэм къэс махуэм къыщІашар килограмм 3 нрикъуащ. Шы заводым, «Малка» шы заводым, «Новая Балкария», «Белореченский» совхозхэм, Совет районым щыІэ «Путь к коммунизму» колхозым.

Мы зэманым Іэмалрэ хэкІыпІэу щыІэр кІыдогъэсэбэп Іэщхэкіхэр къалэжьыныкІэ, къэралым ещанымкІэ нэхъ ныкъуэ планхэр гъэзэщІа, былымымрэ джэдкъазымрэ я бжыгъэм хэгъэхъуэ, хъума хъун щхьэкІэ.

Блэкіа кварталым жэмрэ жэмыщІэу хозяйствохэм планкІэ къапэщытам нэхърэ мини 3,7-кІэ нэхъыбэ искусственнэу пенэ ящІащ. Мы гъэм къыхэлъхъэн хуэдэу. Апхуэдэу унагъуэхэм я дэж Іэщу къыщащэхуэ процент 15—20-кІэ хэдгъэхъуауэ, кІэрыхуэ, хозяйствохэм лъуэ къыщагъэсэбэпыр дгъэмэщІэнущ. Жэмхэр гъэмахуэ хъупІэхэм гъэпІэкІхъуэ-щІыпІэхэм гъэпІэкІхъуэ-щІыпІэхэм ящІащ. Ар къэралым ещанымкІэ планыр процент 19,6-кІэ, шэмкІэ — 3-кІэ, джэдыкІэмкІэ — 8,5-кІэ щІигъуу гъэзэщІа хъуащ.

Апхуэдэу щытми, колхоз, совхоз, район щхьэхуэхэм дисциплинэ щІагъуэ зэрыщымыІам, Іуэхур тэмэму зэрамыгунэтІам къыхэкІыу Іэщхэкіыу къалэжьым кІэрагъэхуащ, а Іэнатіэм хуащІ гулъытэр къагъэлъэхъыщащ. Нэгъабэ и япэ кварталым елъытауэ мы гъэм и мазищым былымыдУ, джэдкъаз къалэжьар процент 8,6-кІэ нэхъ мащІэщ, шэуэ къашами тонни 35-кІэ кІэрагъэхуащ. Шэуэ къашыр хэщІыкІыу ягъэмэщІащ Май, Тэрч районхэм, Налшык къалэм я хозяйствохэм. Абыхэм мазищым ижу яту жэм къэс къыщІашар 25—30-кІэ нэхъ мащІэщ.

Пэом хуэмдэу Іуэхур зэкІэгъымыкІуэщ джэдыкІэ кхъухьымкІэ. Нэгъабэ елъытауэ блэкІа кварталым джэдыкІэу республикэм къыщІахар процент 12-кІэ, Баксан районым — 22,5-кІэ, Прохладнэм — 53,6-кІэ, Аруанэм — 76,8-кІэ щынэхъ мащІэщ.

Іэщ гъэхъуным пыкІуэныгъэ иІэныщІмэ идырэ къэс хэхъо хъунэщ. Ар былым, джэдкъаз фермэхэм Іус

рагъэхуащ, а Іэнатіэм хуащІ гулъытэр къагъэлъэхъащ. Нэгъабэ и ипэ кварталым елъытауэ мы гъэм и мазищым былымыдж, джэдкъазыу кълажьар процент 8,6-кІэ нахь мащІэщ, шэуэ къашами тонн 35-кІэ нахь мащІэщ. Шэуэ къашыр хэщІыкІыу ягъэмэщІащ. Май, Тэрч районхэм, Налшык къалэм я хозяйствэхэм. Абыхэм мазищым ику ипу зэм дзэс къыщІашар килограмм 25—36-кІэ нахь мащІэщ.

Псом хуэмыдэу Іуэхур зэкІэлъымыкІуэщ джэдыкІэ кІэхІыныжкІэ. Нэгъабэ елъытауэ блэкІа кварталым джэдыкІэу республикэм къыщрахар процент 12-кІэ, Бахъсэн районым — 22,5-кІэ, Прохладнэм — 53,6-кІэ, Аруаным — 76,8-кІэ щынэхъ мащІэщ.

Іэщ гъэхъуным ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэу иджыри къэс хэлъар къэнэжащ. Ар былым, джэдкъаз бжыгъэм хагъэхъуэныр зэрахуэзэфІэжыкІырщ. Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм нэгъабэ елъытауэ Іэщ бжыгъэр хозяйствэхэм процентыр 2,2-кІэ ягъэмэщІащ. АбыкІэ зи Іуэху нэхъ зэтетыр Совет районым и закъуэщ. Тэрч, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык къалэм я колхозхэмрэ совхозхэмрэ Іэщ Іэвщ Іэу, жэму яІа бжыгъэм, кхъуэмкІэ — Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Тэрч, Шэджэм, Совет, Шэджэм, дж э д к ъ азымкІэ — Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык къалэм хагъэщІащ.

Былым, джэдкъаз бжыгъэм щІыкІэрагъэхъуэ и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ абы хэгъэхъуэным, Іэщ бжыгъэр хъумэным теухуауэ зоотетринарнэ лэжьыгъэ щыуныкІа хозяйствэхэм зэрыщрамытэкІуэкІыр. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, мы гъэм и ипэ кварталым республикэм и хозяйствэхэм щкІэуэ къыщыщІагъэхъуами кІэрагъэхуащ. Илъэсым и пащІэдзэм яІа кхъуэ бжыгъэм щыщу кхъуэ 100 къоц кхъуэщыру къыщІагъэхъуар Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэм я хозяйствэхэм ягъэмэщІэщ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ щынэу къыщІагъэхъуар процент 16-кІэ нэхъ мащІэщ. Ар къыхэкІащ Прохладнэ, Совет, Шэджэм районхэм я хозяйствэхэм мэл лъхуэнІэни 100 къоц щынэу къыщІагъэхъуам зэрыкІэрагъэхуам.

Хозяйствэхэм унагъуэхэм Іэщыр къызэрыщащэхуми афэзы укІыщІыркъым. Былыму къащэхур, ягъашхэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 28,6-кІэ ягъэмэщІащ. АбыкІэ я Іуэху щІагъэхъыныр Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Тэрч, Шэджэм районхэм я хозяйствэхэм. Мэлу къуажэдэсхэм я деж къыщащэхуари процент 31,4-кІэ нэхъ мащІэщ.

Іэщ гъэхъуным апхуэдэ щытыкІэ зэрыщыІэр Іэщхэкіхэр щэнымкІэ зэрищІыліа зэгурыІуэныгъэхэмрэ планхэмрэ гъэзэщІэнымкІэ зэран хуэхъуащ. БлэкІа кварталым былымылрэ джэдкъазыу ящам Дзэлыкъуэ, Май, Совет, Аруан, Шэджэм районхэм. Налшык къалэм процент 9,6—38,7-кІэ, шэмкІэ — Дзэлыкъуэ, Май, Шэджэм районхэм процент 2,4—4,5-кІэ кІэрагъэхуащ.

Блэкіа кварталым жэмрэ жэмыщІэу хозяйствэхэм планкІэ къапащытам нэхъ рэ мини 3,7-кІэ нэхъыбэ искусственнэу пеэф ящІащ, мы гъэм къыхэлъхуэн хуэдэу. Апхуэдэу унагъуэхэм я деж Іэщу къыщацэхуэм процент 15—20-кІэ хэдгъэхъуащ. КІэрыхур, хозяйствэхэм елъытауэ къыщагъэсэбэпар дгъэмэщІынуш. Жэмхэр гъэмэхуэ хъуІэхэм гъэІэпхъуэ зэрыхъуар къэбгъэлъэгъуащ. Хозяйствэ куэдым щІадзауэ фермэхэр ремонт ящІ. Псэуалъэу, жэм къащыпІау, гъуэгуу, оборудованэу зэгъэпэщыжыкІхэр дубзыхуащ. Іэщыхъуэхэр зыхуеину щыгъынхэр, хьэкъущыкъухэр, уналъащІэхэр, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр къыдош, хъунэхэр зэхыдоз. Іэщым хущхъуэ хэлъхьэныр икІам пэдгъэблагъащ. Мы зэманым хъупІэхэр ягъэпэщэр. Нэгъабэ хуэдэу хъупІэм щыІэну фермэхэм Іус зэхэлъар зэуэ етІысІэну дгъэмурадщ. КъызэрытлъытэмкІэ, зэхэтлъхьауэ едгъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм Іэмал къыдатыщуц дыр къэралым ещэнымкІэ илъэс щыкъуэ планыр процент 110-кІэ, шэмкІэ — 106,4-кІэ дгъэзэщІэну.

Ауэ ар къыщыдэхъулІэнур лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэр едгъэфІакІуэмэщ, абы кърару нэхъыбэ етхьэлІэмэщ, щымахуэ лъэхъэнэм щыщу къэнэжа зэманым Іэщхэкіыу къэдлэжьым кІэрыдмыгъэхумэщ. Блэкіа мазихым Іэщыхъуэхэр зэрылэжьам къегъэлъагъуэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ лыуэ къалэжьар процент 1,4-кІэ, джэдыкІэу кърахар 11,6-кІэ зэрынэхъ мащІэр. Лымкіэ кІэрагъэхуащ Бахъсэн, Май, Аруан, Шэджэм районхэм, Тырныауз къалэм, джэдыкІэмкІэ — Бахъсэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Шэджэм районхэм.

ЩІымахуэ лъэхъэнэм щыщу блэкІа зэманым жэм къэс шэуэ къыщІашым, джэдкІэщІ къэс джэдыкІэу къыщІахым хэхъуами, Тэрч районымрэ Налшык къалэмрэ я хозяйствэхэм ику иту жэм къэс къыщІащар килограмм 85-кІэ, 91-кІэ ягъэмэщІащ. Бахъсэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан районхэм я колхозхэмрэ совхозхэмрэ джэдыкІэу кърахам кІэрагъэхуащ.

Іэщыр щІымахуэ щІэгъэкІыныжкІэ щыІэ хъуэ щытыкІэм къегъэлъагъуэ Іэщхэкіыр къэралым ещэнымкІэ илъэс щыкъуэ планыр процентыр 110-кІэ, шэмкІэ — 106,4-кІэ дгъэзэщІэну.

Ауэ ар къыщыдэхъулІэнур лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэр едгъэфІакІуэмэщ, абы кърару нэхъыбэ етхьэлІэмэщ, щымахуэ лъэхъэнэм щыщу къэнэжа зэманым Іэщхэкіыу къэдлэжьым кІэрыдмыгъэхумэщ. Блэкіа мазихым Іэщыхъуэхэр зэрылэжьам къегъэлъагъуэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ лыуэ къалэжьар процент 1,4-кІэ, джэдыкІэу кърахар 11,6-кІэ зэрынэхъ мащІэр. Лымкіэ кІэрагъэхуащ Бахъсэн, Май, Аруан, Шэджэм районхэм, Тырныауз къалэм, джэдыкІэмкІэ — Бахъсэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан, Шэджэм районхэм.

ЩІымахуэ лъэхъэнэм щыщу блэкІа зэманым жэм къэс шэуэ къыщІашым, джэдкІэщІ къэс джэдыкІэу къыщІахым хэхъуами, Тэрч районымрэ Налшык къалэмрэ я хозяйствэхэм ику иту жэм къэс къыщІащар килограмм 85-кІэ, 91-кІэ ягъэмэщІащ. Бахъсэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Аруан районхэм я колхозхэмрэ совхозхэмрэ джэдыкІэу кърахам кІэрагъэхуащ.

Іэщыр щІымахуэ щІэгъэкІыныжкІэ щыІэ хъуэ щытыкІэм къегъэлъагъуэ Іэщхэкіыр къэралым ещэнымкІэ илъэс щыкъуэ планыр процентыр 110-кІэ, шэмкІэ — 106,4-кІэ дгъэзэщІэну.

Мы зэманым а щытыкІэр гъэзэкІуэжа хъуэ щхьэкІэ дэтхэнэ хозяйствэми фермэми лэжьыгъэ дисциплинэр щагъэбыдэн, мэкъумыл апхъэ пеори щызэгъэзэхуэн, Іэщыр и зэманым щыгъэшхэн хуейщ. Іэщым щІынэу ирагъэшхыну къэкІыгъэхэр зэрыпаущІыну техникэр иджыпсту щыщІэдзауэ гъэхьэзырыпхъэщ, а Іуэхум зэрыу къыхэмыкІын, Іуэхур тэмэму къызэгъэпэща хъуэ щхьэкІэ. Абырэ адрей технологическэ Іуэхугъуэхэмрэ нэсу умыгъэзэщІауэ щІымахуэ лъэхъэнэр зэпэщу къыпхуэзэкІынукъым.

Юзеф Салат парламентым и депутату хуэбгъэфэщанкъым, езыри зигъэлъэгъуэну яужь иткъым. Абы и политическэ гупсысэр зыхуэдэр яужь иткъым. Абы и политическэ гупсысэр зыхуэдэр и бгъэм хэлъ «Зэкъыблэгъуэ» дамыгъэм къегъэлъагъуэ.

Салат си Іэр быдэу икъуэщ. Сэ ар зэрысІыгъа напІэзыпІэм и Іэгум хэт лэрыгъур зыхэсщІащ. Езыр погуфІыкІ: гъэмахуэм лэрыгъу-защІэ хъунущ.

И щхьэ хуэлажьэ а мэкъумэшыщІэм — Калищкэ воеводствэм и депутатым сэ «Лэжьыгъэмрэ мылъкумрэ» конференцым сыщыхуэзащ. Экономикэм пщІа Іуэхущхуэхэм тепсэлъыхьын мурадкІэ Польшэм и правительствэм хэтхэм я Іыхьэ шапхэ пэблагъэр Калищ щызэхуэсат. Салат абыхэм я гъусат. Ар Совминым и Председательым и заместитель, мэкъумэш, мэз хозяйствэмкІэ, ерыскъы промышленностымкІэ министр Чеслав Яницкэм щІыгъуи хуейт.

Сэ абы и «Жигулим» сригъэтІысхьащ. Салат и унагъуэр щылажьэр Матцев къуажэ щІыкІурщ. Абыхэм я адэм мылъкущхуэ иІахуигъэнакъым. Къэзылъхуахэм ятемыхьэлъэн щхьэкІэ Юзеф Калищ кІуэри автомобиль техникум кынухащ, итІанэ абы дэт механическэ заводым щылэжьэну къэнащ. Предприятэм Салат «Зэгъыгъуэй» къыщыфІащащ. Ар къызыхэкІыр жыхъэм тетым хуэдэу хуащІ унафэм темыкІыу щІыхуэр зэрылажьэр игу зэрытемыхуэр зэрыжиІэрт.

Юзеф и адэм и щІым телэжьыхьыну я-кІуажэ итъэзэжащ. Хозяйствэ зезыхьэну дэтхэнэми Іэщ Іагъэ иІэн хуейщ. Техникум е курс щхьэхуэ къамыухамэ, хунт ящІынукъым, Салат апхуэдэ гугъуехь хэтакъым.

Илъэс 25-рэ хъуащ Юзеф гектар 18-м зэрытелэжьыхьрэ. Нолыпэм ар хьэсэ курыту щалъытэу араш. А зэманым абы метр зэбгъуэзэнатІэ 2.500-рэ хъууэ теплицэ щитІ ищІащ. Абыхэм илъэсым хадэхэкІыу тонн 25—30 къарех. Теплицэхэр зэригъэхуабэ автомат хьэкум махуэм фІамыщІ тонинтху егъэс. Абы нэмыщІу, Юзеф жэмхэр, къуэхэр зэрехуэ, джэд егъэхъу.

Фермэм и кІэм Салат и помидорыр гъэгъащ. Гъатхэм и пэщІэдзэм ар къыщычынуш. Езым зэрыжиІэмкІэ, Голландием кІуэри, абы щыпсэу поляк гуэрым деж теплицэ зэращІым щеплъащ. ГъэтІысхьэри абы кІришащ. Ар щигъэувым студентхэр игъэлэжьащ, и гъунэгъуэр дэІэпыкъуэгъуэ хуэхъуащ. Юзеф и фызымрэ и малъхэмрэ долажьэ. И къуэр куэдрэ къакІуэркъым. Абы хозяйствэ зэрехьэ. И щІалэм прицеп кІэрыщІауэ трактор, нэгъуэщІ техникэ иІэщ.

ТІууэ зэтет унэм пэших хэтщ. Ахэри кьабзэщ, зэлъытухащ. Щхьэгъубжэм сыдоплъри, етІуанэ я машинэр — «Малюх» щІэр зиІэр солъагъу. Ар Италием и лицензэкІэ Бельско-Бялэ щащІ, «Жигулим» и ныкъуэм хуэдиз фІэкІа хъуркъым. Пэшхэм ящыщ зым телевизоррэ японскэ видеомагнитофонрэ щІэтщ. Я малъхэ Марек зэрыжиІэмкІэ, спутник телевиденэ игъэувыну я мурадщ, ауэ лъапІэщи иджыпсту къахуэщхуныкъым.

Салат иджырей мэкъумэшыщІэр гупсысэн зэрыхуейм тепсэлъыхь. Абы ахъшэ щІигъэтІылъын щыІэкъым — къыщІэкІыр машІэ мэхъу. АхъшэмкІэ удобрени, машинэ пеныщІэу кънщахун хуейщ. Уасэхэм зэпымыууэ кІэлъымышлъу хъуркъым. УкъазымыгъэпщІэнур помидорымрэ пащэмрэщ. Ахэр зэрыІыгъыу Калищ ешэри, зыщэзыныхэм ярешэ. Юзеф бзэрым тетыну зэман иІэкъым.

Газетхэр, радиор, телевиденэр иджырей правительствэм топсэлъыхь — абы мэкъумэш хозяйствэм и мыхьэнэр къимылъытэу, мэкъумэшыщІэм налог ятрилъхьэу жаІэ. Салат абыхэм я акъылэгъуэкІым: мэкъумэшыщІэр уэшх куэд къешхэми, дыгъэ гуащІэ къепсми, нэгъуэщІхэм щхьэкІи мэтхьэсыхэ. Ауэ Юзефи улэжьэну нэхъ гугъу зэрыхъуар жеІэ.

Салат и фызэ Станислава псынщІэу Іэнэ къигъэуващ. Лы, нащэ, кІэртІоф, тхъу къытрилъхьащ — псори езыхэм яІщ. ХьэщІэ пэшым тульскэ самовар щІэтщ. Ар урысым дэкІуауэ Москва дэс и шыхъуэ Эмилие къаритащ. Абыхэм я къуэр 8-нэ классым щІэсщ, урысыбзэкІи полякхэм я бзэкІи фІыуэ мэпсалъэ. Юзеф абы щогуфІыкІ. Станиславэрэ и лІымрэ Эмилие деж куэдрэ макІуэ.

Салэт ди мэкъумэш хозяйствэм щыгъуазэ? Абы зыри ибзыщІыркъым: къуажэм илэжьынур зыщІэр зэрыхъэлажьыхь щІыркъым, мэкъумэшыщІэхэрщ.

Депутат Салат сыхьэтрэ ныкъуэкІэ сепсалъати, зэманыр зэрыкІуар сщІэркъым. Сыкъыщежьожьым, Росснем щыщ мэкъумэшыщІэхэр ящыгуфІыкІыу зэрыригъэблэгъэнур, и Іуэхущіафэм щыгъуазэ зэрищІынур къызжиІащ.

ПЕРШИН Андрей,
ТАСС-м и корр.
Калищ—Варшавэ.

Ар зэрегупсысыр

Совет Союзымрэ США-мрэ ядерно, космическэ Іэщэхэм теухуауэ Женевэ щызэпсалъэ. Абы щыІэ американскэ делегацэм и Іэтащхьэ Ричард Берт АПН-м и обозреватель генерал-майор Лебедев Юрий зыщІэупщІахэм жэуапхэр ирет.

— Стратегическэ зэребгъэрыкІуэ Іэщэхэм теухуауэ дауэ фызэпсалъэрэ, СССР-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министрымрэ США-м и къэрал секретарымрэ Москва щызэхуэса нэужь абы сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэ игъуэта?

Япэрауэ. Советскэ, американскэ делегацэхэм я зэхущытыкІэм и гугъу пщІымэ, ар хъарапщэу жыпІэ хъунущ. Абыкіэ посол Назаркин Юрий фІыщІэшхуэ хуэфащэщ. Абы уепсэлъэну тыншщ. Дэ дызэгурымыІуэу щыщыта лъэхъэнэр къызэрызэдэкІрэ куэд щІащ.

Етіуанэрауэ. М. С. Горбачеврэ Дж. Бушрэ Мальтэ зэрыщызэхуэзам, Э. А. Шеварднадзерэ Дж. Бейкеррэ иджыблагъэ Москва зэрыщызэпсэлъам ди делегацэхэм я лэжьыгъэр щІагъэпсынщІащ. Жыжьэ лъэтэфым хуэдэу уэгум ит ракетэхэм я Іуэхум кІэна щІагъуэ щымыІэу унафэ тегщІыхьащ. Сэ согъэщІагъуэ дамэ зытет тенджыз ракетэхэми теухуауэ дызэгурыІуэну зэрытхуэзэфІэкІар.

— Сыт щІэбгъэщІагъуэр?

— ЛъэныкъуитІми ди гугъащ а Іуэхур псом яужь кънинэну, арщхьэкІи ди министрхэм абы дытепсэлъыхьыну унафэ къытхуащІащ, абы къыхэкІыу дэри депІэщІэкІащ.

Ещанэрауэ. Дыщызэпсалъэкіэ лъэныкъуитІри гупсысэкІэжьым зыгуэркІэ дызэрытетыр зэран къыщытхуэхъу щыІащ. Сэ зи гугъу сщІыр зэпсалъэхэркъым, Москварэ Вашингтонрэ дэс бюрократхэрщ. Сэ къызэрысщыхъумкІэ, абыхэм ди зэпсэлъэным кІэ имыІэми хъунущ ялъытэ. Дэ гупсыса тхэлъын хуейщ. Арышэмэ дызэгурыІуэнукъым.

— Договорыр убзыхун щхьэкІэ сыт щІэн хуейуэ къэплъытэрэ?

— Си гугъэмкІэ, ар мы гъэм нюным ирихьэлІэу тхузэфэхъэзырынущ. Иджыпсту ди лэжьыгъэр щІэдгъэпсынщІащ. Посол Назаркинымрэ сэрэ махуэ къэс дызэхуоза.

— Уэ договорыр нюным ирихьэлІэу фхузэфэхъэзырыну жыпІащ, абы пыщІа документхэм я проектхэр напэкІуэщІ 500-м щІегъуэ. Делегацэхэр а псоми хунэсыну пІэрэ?

— СызэреплъымкІэ, дэ Іуэху нэхъыщхьэ псори нюным ирихьэлІэу тхузэпкърыхыну аращ. Договорымрэ абы пыщІа документхэмрэ гъэхъэзырын илъэсым и кІэм зэфІэдгъэкІынущ.

— КІэна Іуэхухэм щыщу сыт хуэдэхэр нэхъ гугъуу къэплъытэрэ?

— Дамэ зытет ракетэхэм я Іуэхур. Абыхэм щыщу лъэныкъуитІым нэхъуэдэу хуейр зыхуэдизыр иджыри белджылыкъым.

— Советскэ щыхухэм сыт жиІэну хуейуэ?

— Іэщэр гъэмэщІэныр фи къэралым щенІуэкІ зэхъуэкІыныгъэм къыгуэхыпІэ имыІзу пыщІащ. Абы теухуауэ дыщызэпсалъэкІэ, американсКэ делегацэм М. С. Горбачев илэжь Іуэхухэм зыгуэрхэр хещІыкІ.

(АПН).

ДЕПУТАТЫМ И ІУЭХУЩІАФЭР

ПАЩТЫХЬ ПСОМИ ЯТОКІУЭ

Данием щыпсэухэр зэреплъымкІэ, пщІэуэ хуащІыпкІэ, зэфІэкІыу иІэмкІэ пащтыхь псомиятекІуэя хуейр Данием и пащтыхь Маргарете II. Дэ щыхубзыр зэрыхъуа илъэс бжыгъэр жытІэ хабзэкъым, ауэ абы ар ибзыщІакъым. Сыт щІибзыщІынури — иджы дыдэ илъэс щэ ныкъуэ хъуа ар гуапэщ, гуакІуэщ.

Сыт Данием и щІыхухэм я пащтыхьыр фІыуэ щІалъагъур? Дауи, пащтыхь щэнтым зэрытес къудейркъым.

Зэгуэр Маргарете II жиІащ зыри имылэжьу къэнэн нэхърэ нэхъ зыщышынэ зэрыщымыІэр. Араущ къыщІэкІынщ пащтыхь Іуэхухэм ар махуэ псом мыувыІэу щыхэтыр. Ауэ, занщІэу жытІэнщи, къэрал Іуэхухэм унафэ тещІыхьыным зэрыхэлажьых щІагъуэ щыІэкъым. ЩІыхубзым щІэныгъэфІ зэриІэр сабэпышхуэ хуохъу: Маргарете II университетхэр Копенгаген, Орхус (Данэ), Кэмбридж, Париж, Лондон къыщичухащ. Абы политикэр, философиер, тхылъдэр, юриспруденцэр, экономикэр иджащ.

Пащтыхьыр дэзыхьэх Іэщ Іагъэхэм щІыхуэ куэд ярилажьэ хъунущ. Абыхэм ящыщ зыщ археологиер. Зы зэман Маргарете II абы Римрэ Суданымрэ щалэжьащ. Езым зэрыжиІэмкІэ, пащтыхь къулыкъум текІыныгъэ имыІзу пыщІащ. Абы теухуауэ дыщызэпсалъэкІэ, американсКэ делегацэм М. С. Горбачев илэжь Іуэхухэм зыгуэрхэр хещІыкІ.

Апхуэдиз Іэщ Іагъэ Маргарете II зэриІэм гурыІуэгъуэ ищІу къыщІэкІынуц «пащтыхьхэм сытри ахуэзэфІэкІыныщ» уэрэдым хэт псалъэхэр зэрыпэжыр.

СИДОРОВ Александр.
(ТАСС).

ЛИТЕРАТУРЭР, ЗЭМАНЫР, ДЭ

ДИ НОБЭМ И ДЫГЪУАСЭХЭР

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр № 76-м итщ).

щыфІрамыгъэщым деж, а хьэлым, удэкІуатэ тщІэркъым, удэщи, удэхьэмкІи хъунут, ауэ ар, хьэл мыгъуэ хъуэ егъэ щыхуагъэкІуэжкІэ. Іэмал имыІэу зыгуэркъэм ягухэр депІытІэ, я мурадхэр ехуэ, я Іуэхухэр елъахъэ. Литературэ Іуэхур ар езыр шхьэзакъуэ Іуэхукъым, — лъэпкъ Іуэхущ, хэку Іуэхущ, апхуэдэ Іуэху зыльхьэкъым хэзгъэдахэу ущысынир къуаншагъэщи, щІэкъуаншагъэри мыращ. ТхакІуэм зыгуэр щІитыр, дауи, зыхуэзтха щІыхукъэм я деж пэсэмрэ сыдыхьэи жеІэри аращ, ахъумэ зи щхьэ зэтет щІыху и щхьэ хуэтхэжу щысыну ди фІэщ хъурикъым. КІэщІракъэ, жытІэ-жыдмыІэми, дэ псоми ди хъуэпсапІэр зыщ: ди тхыгъэхэр ядэжынир, зэхахыныр, дунейм къытехьэныр.

Ауэ, Іуэхущхуэракъэ, литературэм и дунейм укъытехьэныр апхуэдэу тынщкъым. Ар къохъулІэи щхьэкІэ, узыхуейр а дэ димыІэ тхыгъэфІэкъэ закъуэкъым. А дэ кыдэмыхъулІэ тхыгъэфІэр иІыгъыу литературэ бжэІум хІухьауэ дощІри, умызыгурэмрэ е зыгуэрым уримызыгуэрмэ, а дунейм укъытрагъэхьэи япэ. ауэ хьфІэдзи, илъэс заибгъупщІкІэ умыпагъэплъэныр хэлъщ. Ущіалэмэ, Іуэхур къызэрекІуэкІ-нызэрекІуэкІэр умыщІэмэ, апхуэдизрэ ушІызыпаплъыхьыр къыбгурымыІуэурэ уэгуэныкІи махъу. Ауэ мыбдежым арифметикэр къызэрыгуэкІщ: лІыбгъум щхьэкІэ ящІа джэдыгуфІгъуэ нэфІ-ней хэмылъу умыгузыжу щытмэ, гупшы Іэмал имыІэу дихьыгунщэ къаухэкІынущ. Литературэр, дауи, арифметикэмкІэ, абы увыпІэкъэ зэрыщыгуэщыи хуейри щхьэж и талант елъытауэщ, ахъумэ унащхьэзэлкІрэ алфавитІэкъым. Ар арат, ауэ нэфІымрэ неймрэ зыгуэркъэм я унейуэ щыщытым деж фо зезыхьэхэм я нэфІ зышхыхэнур хэтми гурыІуэгъуэщ: зыгуэркъэм я зыгуэру ущымытми, моуэ-щэ, унэхъ кІыху Іэтіэ-лъатІэу, бгъэдыхьэкІэ-зыгъэщыкІэ пщІэурэ, «иІэ»-м и пІэкІэ «кхъыІэ»-р нэхъыбэрэ жыпІэу щытмэ, уи Іуэху нэхъ къызэрикІынум шэч хэлъкъым. КІэщІракъэ, апхуэдэхэм дежи, нэфІымрэ неймрэ щищу япэр зылъысыр «щІалэ-жыфІкІэ» дызэджэкІэрщ. Апхуэдэ-апхуэдэкІэ къэзэпш зэпытурэ екІуэкІмэ, литературэм къалэ щхьэгузэжь хуэхуихукъэи зэи уахуэмызэныр хэлъщ, сыту жыпІкІэ талант зиІэу а талантыр зыхуэгъэлажьэ щІыхъм мо ищхьэкІэ зи гугъу тщІа хьэлхэр хэлъыныр фІэщщІыгъуейщ.

Литературэм и фор зэман кІыхькІэ жьэпэпсу зезыхьэ гуэрхэр я Іэпэ ебзейкІэ зэфІэкІыжкъым. Апхуэдэхэр йосэж къыщІагъалъэу. Носэжхэри, ПащІэ Бэчмырзэрэ ЩоджэщІыкІу Алийрэ дунеягъэкІи ахъэрэткІи я насып къимыхьа тхылъ бжыгъэхэр къыдагъэкІ. Тхылъ тІощІрэ пщІым нэзыхусахэмІэ апхуэдэхэм якІэлъекъухэмрэ зохъэзохуэ. Ар хъунут, къыдэмыкІынкІэ Іэмал зимыІэ зэщІэу щытамэ. Ауэ и щІыфэр дыщэпсрэ и кІуэцІыр нэщІыпсу тхылъ дапщэ щыІэ? Насыпыр зыгуэркъэм яІэщи, а дыщэпсыр къызэгуэзыхыу а нэщІыпсыр зылъагъуэхэр мащІэщ. Аращ адыгэ литературэм и фІыгуэзэмрэ и мыгъуэхэмрэ хэІущІыІущэ щІэмыхъури.

Къэдым ядэ литературэм, псальэм папщІэ, урыс литературэм, ІеймрэфІымрэ щызэхэбгъэгъуэщэныр, дауи, нэхъ гугъущ, сыту жыпІэмэ пэжыр гува-щІэхами тхылъеджэм деж къыщыщІощыж. ЕджакІуэр зимащІэ адыгэ литературэм щхьэкІэ ар пхужыІэнукъым. ТІэкІу щІэдгъэтхъэІуэу къащыхъунуми тщІэркъым, ауэ ди деж тхакІуэхэр зэрыщызэхадзыр мыпхуэдэущ: куэдрэ уи щІэ къраІуэмэ, — утхакІуэфІщ, кърамыІуэрэ, къэбгъэпкІ щыІэкъым. Ар — «уэзрапІагъуэ уафІэщІри, уэзрафІэщІу уалъытэ» жыхуаІэ принципым тету укъыщапщым дежщ. Ауэ щыІэщ нэгъуэщІ къэпщыкІи, нэхъыбэу якІагъэсэбэпыныр арауи къытщохъу: урысыбзэкІэ уэзрадзэкІа? Уэзрадзэкlагъэхъэмэ, занщІэу уи щІэр доуейри, къэзаракъэ, ущызэІэпах щыІэу уадж. Пэжщ, абы мыпхуэдэ щхьэусыгъуэшхуи иІэщ: адыгэ литературэр зимыхьэрэмхэм куэд дыдэу яхэтщ адыгэ тхыбзэр хьэрэм зыщІахэр, абы пагэу къыхуеплъыхэр, адыгэбзэкІэ зэрыщІэныгъэпщэм ирипкІытэн дэнэ кІэна. абы зэрыщхьэпрыбэкъукІыфам, моуэ-щэ, тІэкІуи зэрипгушхуэкІэ гурыщхъуэ зыхуэпщІкъэр. Зэрыжытіауэ, апхуэдэхэми къахокІ адыгэ литературэр зи мыхьэрэмхэр. ар урысыбзэкІэ ядэжыным хуэпабгъэхэр. КъащІыхэкІри гурыІуэгъуэщ: ахэри щІохъуэпс адыгэм зы бэлыхьлажьэ гуэр къаІэщІэтхъыхьыным. Моуэ-щэ, урипагэи, къыбдалъагъуи, уригушхуэу хамэ утыкухэм щыпІуэтэн хуэдэу. Ар нэгъэсауэ хьэл Іейщ жыпІэмэ, гуэныхь къэпхьынщ, ауэ, щІы щхьэ упсын хуей, хьэлыфІ дыдэкІи уеджэнкъым. УщІемыдзыныри мыращ. Литературэр щІы-щІыпэ уригушхуэи, къыбдалъагъун къудейуэ аракъым. Абы и къалэныр куэдкІэ нэхъ инщ. Ар искусствэм и Іэмалхэмкіэ лъэпкъым и гъащІэр щадж, и гупсысэхэр къыщахутэ, и мурадхэр щаубзыху уи щІэ. Хъарзынэщ апхуэдэ унэм и теплъэм блэкІхэм я нэр щигъэгуфІэм деж. Ауэ апхуэдэ унэ нахъыбэу щІыщыІэр блэкІхэркъым — щІэсхэрщ. Зи гурыфІыгъуэхэми зи гурыгъуэхэми я жэуапыр а унэм къыщызылъыхъуэ лъэпкъырщ.

ГъэщІэгъуэнракъэ, уи тхыгъэ зэрадзэкІыу «Мод-дэ!» къыщыдэкІамэ, фІагъ-Іеягъым емылъытауэ, абы зэращІэу ранг гуэрым уретгъэувэ. Апхуэдэпщіэ къызэрыблэжьам и щІыІужкІэ а тхыгъэр жей къыптедзыгъэуэ тхылъхэм зы тІэкІукІэ къащхьэщыкІмэ, абы щыгъуэ уи пщІэр нэхъри доуейри, ди Іэшэлъашэхэр, къоззвакІ, саугъэт инхэми уахуеплъэкІ уохъу. Тхылъеджэр литературэм и унагъуэм щекІуэкІ псом щыгъуазэкъым, абы апхуэдэ къалэни щІэкъым. Тхыгъэ гуэрхэр урысыбзэ ящІу Москва къыщыдэкІамэ, а Іуэхум ар зэрегупсысынур мыпхуэдэущ: тхакІуэ псори зэхуэсщ, тхыгъэу щыІэм яхэдэщ, зэдзэрэзыуэ мыр Іэрыіэткіэ кьыхахри, Москва ирагъэхьащ... Хэт ищІэрэ, — апхуэдэ къэхъуу къыщІэкІынщ, ауэ зыщІэхэм хэкІыпІэ зэрадзэкІыныр. А Іуэхум и хэкІыпІэ нэхъыщхьэр мыращ: зылъэкІым зэрыхуэзфІэкІэ и щхьэр хех, апхуэдэ лъэкІыныгъэ зимыІэхэм къахуэнэ хабзэр тхьэмыщкІапІэращи, — я тхьэмыщкІапІэ исыжщ. Тхьэмыщкlапlэ — ар езыр, гъур щхьэкІэ, зыкъомкІэ фІыщ: япэрауэ, щыІэ лъэпкъ иІэкъым, адрейуэ, «Мыбы уэзрисар куэдщІ» жиІэрэ къэІэбэу зыгуэрым уришыкІэ ущІэгъэзэвэн щыІэкъым. Зыми унгъэпІейтеинукъым. Псом хуэмыдэжу, ар щекІуэкІыр адыгэ литературэрауэ щытмэ.

Зыгуэркэм къащыхъункІэ мэхъу адыгэ тхыгъэ зэрадзэкІынур дэ тфІэмызахуэу, е насыпыр къызэуэлІам дефыгъуэу. Тхьэм къытхуимыух: дыфыгъуэ тщІэркъым. дыхъуапсэ, тфІэмызэхуэ щыдогъэтри, тлъэкІамэ, ди литературэм фІыуэ хэтыр бзэуэ щыІэмкІэ зэредгъэдэкІынт. Ауэ нэгъэсауэ, И фІыр и фІу. И дагъуэр и дагъуэу. Арщхьэкіэ хэт апхуэдэу зэрадзэкІыр? Хэт апхуэдэу зэрадзэкІыр? Дауи, щыІэщ апхуэдэу зэзыдзэкІи зэрадзэкІи...

Цыхущіэ эпІэм зэлъамыщІысынкІэ Іэмал имыІэу къалъыта тхыгъэ нагъэсар зэбдзэкІын щхьэкІэ къэзыгъэщІам пэхъуи гу уиІэн хуейщ. Пэхъуи гу имыгъуэхэмэ, псэууэ лукІа жыхуаІэращи, апхуэдэ тхыгъэм дыуэ тепщІэж хъунущ. Ауэ, пщІыр сыткІэ щхьэпэ, а гуауэр ди литературэм куэд дыдэрэ къыщыщІокъым. Ди литературэм нэхъыбэрэ къыщыхъур нэгъуэщІщ: тхыгъэ нэмыщІысар, урысыбзэкІэ къагъэбзэрыфэри, зы фэ гуэр къытеуауэ дунейм къытохьэ. А Іуэхум и щэху псор хэт щщІэрэ, ауэ урысыбзэкІэ зэрадзэкІауэ щыІэ тхыгъэ ядыныкъуэхэмрэ ахэр къызытращІыкІыжахэмрэ зэбгъэпща нэужь, апхуэдэу уемыгупсысыныр гугъуш. Сыту жыпІэмэ куэдрэ урохьэлІэ адыгэбзэкІэ пхуемыгъэха тхыгъэр урысыбзэм нэхъ гъэткІугъуафІэ щыхъуауэ. Фіыщ пхужымыІэми, моуэ-щэ, зы стандарт гуэрым ихьауэ. Жызыіэни щыІэщ: «Сыт-тІэ абы Іейуэ хэлъыр?». Уи мыфІ къыпкІэралъхьэным зыри фІыуэ хэлъкъым, ауэ псом нэхърэ нэхъ Іейжращи, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм хуабжьу зэІещІэ зэрадзэкІ тхыгъэхэр зыщыщ литературэм и Іуэхур. ЩІызэІищІэри мыращ. Тхыгъэ Іейм дежкІэ, Дауи, мо «къэгъэбзэрыфэ» Іэмалыр алыхьым къузэрытынщ: зи мыхъуам, литературэфэ къытоуэ. Ауэ тхыгъэфІым хуабжьу йогуауэ а Іэмалыр. Сыту жыпІэмэ абы кІэрегъэщэщ зи гугъу тщІы стандартым щхьэпрыкІ псори. КІэрегъэщэщри, зыщыщ литературэм игъащІэкІэ щызэбгъэдэбгъэувэ мыхъунухэр урысыбзэкІэ тхылъеджэм бгъэдалъхьэ. Къагъэбзэзрыфари зи фэ трахари зэщхь мэхъуж. КІуэ жыпІыныракъэ, языныкъуэхэм деж зытеухуамрэ сюжет сыт хуэдэхэмкІэ къыпхуэщІыхужьма, ари хъарзынщ.

Псом хуэмыдэу, а телъыджэхэр поэзием щыкуэдыкІейщ. Дауэ, псальэм папщІэ, зытеухуар мыІупщІ, сюжети зимыІэ, ауэ щытыкІэ, гъэщІэгъуэным унызшэ усэр зэрызэбдзэкІынур? Зэрыжытіауэ, ар зыхуэзфІэкІынур абы пэхъуну, пэджажу нэгъуэщІыбзэм, нэгъуэщІ лъэпкъ гупсысэкІэм хэтхэр гукІэ къэзыщтэ тхакІуэрщ, усакІуэрщ. Іуэхущхуэракъэ, апхуэдэ тхакІуэрэ усакІуэрэ зи насып къихьыр закъуэтІакъуэщи, нэхъыбэм ягъуэтыр а эксатІэжьи стандартым пэкІэ тхыгъэ Іейр дэзыхьейуэ тхыгъэфІыр ардыдэм хуэзэщІэу къезыхьэх тэрмэшхэрщ. Зэм-зэми а Іуэхум мыпхуэдэу уегупсыс: ярэби, а тэрмэшхэри дэ езыхэм зэІыдмыгъэхьэу пІэрэ? «Хъуа-мыхъуамэ, нокІуэІ» жыхуаІэм ещхьу. дызэрадзэкІ закъуэмэ, дыгуфІэжу дыщысурэ «Мыбыхэм защІебгъэлІэлІэщэни щыІэкъым» къытхужаІэу едмыгъасэхэу пІэрэ?.. А «пІэрэхэм» иджыри зы щІыдгъужыщи, языныкъуэ тхыгъэхэм уажъыщеджэкІэ, гурыщхъуэ умыщІыи плъэкІкъым, ахэр щыІэхалъхьэм, адыгэбзэкІэ зэрадзынум нэхърэ, урысыбзэкІэ зэрадзэкІынум нэхъ тегъэпсыхьауэрэ елэжьакІэ. Апхуэдэ тхыгъэ зыкъом зэуІуу узыкІэлъеджэ нэужь, кІуэзаракъэ, «адыгэ литературэкІэ» дызэдзэу дызэрыгушхуэм и хъуэпсапІэ закъуэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІауэ зилъагъужыныр арауэ къыщщохъу... Ари насып цІыкІукъым, ауэ щІэрэщхьэрэ зиІэу къекІуэкІ литературэр езыр зэрауха бзэм, щІыщыІэ лъэпкъым блэхъуэпсыкІыжрэ утыкушхуэм хуеплъэкІ зэпыту кІэнамэ, абы зытес къудамэр хуэм-хуэмурэ пиупщІыжу аращ... Литературэм дежкІэ къэрал утыку, дуней утыку жыхуэпІэр — ар хъарзынэ къудейм къыщынэжкъым, насып тІуащІэщ. Ауэ сыт жиІат пасэрейм: «Уи унэ зыщыгъаси хасэ яхьхьэ». Ди гугъэмкІэ, а псалъэжьым хэлъщ адыгэ литературэм зэран къыхуэмыхъун чэнджэщ. Мы зи гугъу тщІа гурыщхъуэр гурыщхъуэ нэпкІу къыщІэкІыжмэ, дригуфІэи фІэкІа, дрищщхъеинукъым. А псомкІэ дэ жытІэну дызыхуеяри мыращ: литературэм и Іейм зищІэжын. и фІым эилъагъужын, жыпІэнуракъэ, и пшынэбзэр зэтеухуа хъун щхьэкІэ, тэрмэшым и бзэ къудейр мыхъуу, езыр зэратха, зэрауса анэдэлъхубзэмкІэ джыни, къэхутэни хуейщ. Араш нэхъапэри. Араш нэхъ пажэри. Абы щыгъуэщ «Хэт уриси?» принципымкІэ ирагъэувэкІа тхакІуэ гуэрхэр «Сытыр, уи лІыгъэ?» жыхуаІэм тету щызэблэувыкІыжынур.

Ди литературэм и унагъуэ Іуэхухэр убзыхунымкІэ критикэм зынэсым хуэзфІэкІынут, ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, тхылъеджэ куэдым я мызакъуэу, ди критикэри ди литературоведенэри, адыгэ литературэм урысыбзэкІэ къатепщІыкІа а вариантым нэхъ дихьхауэ икІи ар нэхъ тегъэщІапІэ ящІу къыщохъу. Апхуэдэу ар щІэхъум къыбгурымыІуэныкъуэ хэлъкъым: япэрауэ, нэгъуэщІыбзэкІэ зарадзэкІа тхыгъэр а фактымкІэ къаІэтагъэххэщи, мыхьэнэшэ гуэр узэрытемыпсэлъыхьым и щыхьэт дэфтэр пІыгъ хуэдэ, унгу ихауэ уопсальэ. Псом хуэмыдэжу, модэ щыщу уей-уей жезыгъэІэ гуэр къагъэІурыщІэра а тхыгъэм теухуауэ псальэтІ нэхъ мыхъуми ирагъэлагъэхъэмэ, абы удежьуныр егъэлеяуэ тынщ. Адрейуэ, а узытепсэлъыхь урысыбзэ вариантым къеджэр нэхъыбэщи, жыпІэр бэм яхэІуэнкІэ утугъэурэ уопсальэ.

ІУТЫЖ Борис.

(КъыкІэлъыкІуэнщ).

Цlыхубз насыпыфlэ

Насып. Сыт ар зищІысыр? Язныкъуэхэм я гугъэщ мылъкур нэхъыбэу уиІэмэ, гъащІэм и зы гугъуехьи умыгъэунэхуамэ, мис ар насып нэсу. Сэ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр мытэмэму къызолъытэ. Си гугъэмкІэ, насыпыфІэу зызылъытэж цІыхум ищІэж и щытын хуейщ, гъащІэм и Іэфіи и дыджи. Абы и гурыщІэм псэ къабзэм къыпкърыкІауэ цІыхугъэм и зы хъуэкІэ щылыдын хуейщ. А гупсысэрщ япэу сигу кэкІар, ди гъунэгъу цІыхубз щыпкъэ Мамбэт Тамарэ сытетхыхьыну мурад сщІыуэ къалэмыр къыщысщтам.

Тамарэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэу е мылъкушхуэ зыбгъэдэлъу щыткъым, ауэ апхуэдэ куэдым зэрефІэкІ акъыл, зэхэщІыкІ иІэщ.

Адыгэхэм зэрыжытІэщи, и натІэ къритхам Тамарэ дэкІуащ. Абы и ныбжьыр щІалэ дыдэми, унагъуэ Іуэхум хъарзынэу хэзэгъащ.

Хъэлийрэ Тамарэрэ зэгурыІуэу, зэдаІуэжу зэдэпсэурэ бынищ зэдагъуэтащ. Псори хъарзынэу екІуэкІырт, ауэ ямыщІэххэу лажьэ ни къащыщІащ. Хъэлий гъуэгу фэбжьым ныкъуэдыкъуагъэ хихри и лъакъуитІыр къыщІэмыувэж хъуащ. Тамарэ и щхьэгъусэр пІэм хэлъу илъэс тІощІкІэ зэрихьащ. Унагъуэм кънхъуар щхьэжэ дыдэт. ауэ абы зебгъэхъу утІысыжкІэ Іуэхур зэфІэкІынутэкъым. Иджы цІыхубзым и пщэ къыдэхуат езым и къалэным нэмыщІ цІыхухъум ищІэн хуейри. Зым нэхърэ адрейр нэхъ цІыкІужу сабийхэр гъэсэн, пІын, зыхуей хуэгъэзэныр тынштэкъым.

Тамарэ колхозым щылажьэу щІидзащ, гъавэ хэзысэми къезыхъэлІэжми ар яхэтащ. Мыдэкіэ унагъуэр зэрихьэрт. Іэщ, джэдкъаз гъэшхэнри цІыхубзым и къалэнт. Абыхэм яригъэщх Іус, мэкъумылэхэр езым зэригъэпэщыжырт. Щхьэгъусэр, бынхэр... псоми я къалэныр и пщэ дэлът Тамарэ. Ауэ итІани зэи зыми илъэгъуакъым а цІыхубзым и нэщхъ зэхэлъу. тхьэусыхэу, гъащІэм гукъанэ хуищІу.

И пщэ дэлъ къалэн псом нэхърэ нэхъыщхьэу Тамарэ къилъытэр бынхэм гъэсаныгъэ тэмэм етын, къуейшІейуэ къэмыгъэхъуныр арат. Ар абы къызэрехъулІам щызэхэт тохъуэ и бынщри жызІэщІэу, фІыуэ еджэу, нэмыс яхэлъу къызэрыгэджар.

Псэукъым Тамарэ и щхьэгъусэ Хъэлий, ауэ а гуауэ хъалъэр дэзыгъэпсынщІэн иІэщ. Ар и унагъуэ насыпыр лъэ быдэкІэ зэрыуварщ. Абы и бынищми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтауэ, егъэджакІуэщ.

ХъыджэбзитІыр унагъуэ ихъащи, екІуу мэпсэу. Тамарэ и нысэри хъарзынэщ, къуэфІ уиІэмэ, нысэфІи уиІэщ жыхуаІэрщ. Нысащіэм гуащэри, щхьэгъусэри елъагъу, пщІэрэ нэмысри яхуещІ. Ар къуажэм дэт хъумапІэ кассэм щолажьэри, цІыхухэм я губгьэи къыхьыркъым.

Ноби Тамарэ зэрыхуэзфІэкІкІэ и бынхэм защІегъакъуэ, зыдэс къуажэм, зыхэс хьэблэм къалъагъу, къалъытэ. Езыми я гъунэгъухэм я гуфІэгъуэр ядегъэлъапІэ, я гуэзэвгъуэр ядеІыгъ.

Тамарэ и бынхэр, абыхэм я быныжэр къещІэкІакІуэ щыслъагъукІэ, сэ хъкъуу си фІэщ мэхъу абы и гугъуехьыр псынкІуадэ зэрымыхъуар. Мис апхуэдэ пІыхущ насыпыфІэкІэ уэдэ хъунур.

ПЩЫУКІ Латинр.
Къулъкъужьын Ищэ.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ

КъБАССР-м ЦІЫХУБЭ ЩІЭНЫГЪЭМКІЭ И МИНИСТЕРСТВЭ
ПРОФЕССИОНАЛЬНО-ТЕХНИЧЕСКЭ УЧИЛИЩЭ № 1

1990—1991 ГЪЭХЭМ ЕДЖЭНУХЭР КЪЕЩІТЭ

Училищэм къещІтэ класси 8—10 къэзыуха щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ.

Училищэм егъэхьэзыр Налшык полупроводник прибор заводым, къалэми республикэми я нэгъуэщІ промышленнэ предприятхэм щылажьэну Іэщіагъэфі зиІэну кадрхэр мис мыпхуэдэ Іэщіагъэхэмкіэ:

КЛАСС 11 КЪЭЗЫУХАХЭР ЗЭРЕДЖЭР ЗЫ ИЛЪЭСЩІ

Хъыджэбзхэр —
микросхемэхэр зэпкърызылъхьэ, полупроводник приборхэр зэпкърызылъхьэ, деталхэмрэ приборхэмрэ зыгъэунэхуэхэр.

Щіалэхэр —
электромонтажник, зэрагъэунэху приборхэр зэтезыхуэ монтажник, технологическэ оборудованэр зэтезыхуэ. радиоэлектроннэ аппаратурэхэр, приборхэр зэтезыхуэ, механо-сборочнэ лэжьыгъэхэм я слесарь, токарь.

КЛАССИ 9 КЪЭЗЫУХАХЭР ЗЭРЕДЖЭР ИЛЪЭСИЩІЩ

Хъыджэбзхэр —
микросхемэхэр зэпкърызылъхьэ, полупроводник приборхэр зэпкърызылъхьэ, элионнэ лэжьыгъэм я оператор.

Щіалэхэр —
радиоэлектроннэ аппаратурэмрэ приборхэмрэ зэпкърызылъхьэ, радиоэлектроннэ аппаратурэмрэ приборхэмрэ зэблэзыгъэкІэр, зэрагъэунэху оборудованэр зэтезыхуэ, полупроводник производствэр зэтезыхуэ, механо-сборочнэ лэжьыгъэхэм я слесарь, токарь.

Класс 11 къэзыухуэр щІэтІысхьэ еджакІуэхэм училищэм маза къэс стипендиеу тумэнищ нрет, базовэ предприятэм зэреджэ щіалъэм сом 75-рэ хущІегъуэ.

Класси 9 къэзыухуэр щІэтІысхьэ еджакІуэхэр ерыскърэ щыгъынкІэ къэзэрагъэпэщ. Хэзныкъуэ еджакІуэ псори общежитым щІагъэтІысхьэ.

Ди хэкуэгъу кинорежиссер

Иджыблагъэ Центральнэ телевиденэмкІэ къигъэлъэгъуа «Герои ее романа» художественнэ фильмым цІыху куэд еплъагъэщІ, ауэ абы и режиссер Горковенкэ Юрий и пІэм кьажэриІа щыІэу къыщІэкІынукъым. АтІэ ар Налшык щыщІ — и-адаанэр илъэс 20 хъуауэ мыбы щопсэу. езыр иджыпсту москвадэсми.

Горковенкэ Юрий 1964 гъэм Горький къалэм дэт консерваторием кънухри, ди деж къагъэкІуэжащ, музыкальнэ училищэм щригъэджащ, балинстхэм я Союзпсо конкурсым дипломи къыщихьащ.

Юрий илъэсищ лэжьа нужь Кинематографкемкіэ союзпсо институтым и режиссер факультетым щІэтІысхьащ, ехъулІэныгъэкІэ ар кънухри, кино техным щІидзащ.

Режиссерым трих кинохэм я нэхъыбэр музыкальнэу зэрыщытыр, дауи, къэхокІ абы консерваторием кънэжарнухам. Апхуэдэщ Геттуев Максим и сценарийкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щытриха «Пшэхэм я щхьэкІэ уэрэд щоІу» фильмыр.

ХЭКУЖЬ И ДЫГЪЭР ГУАПАЩЭЩ

Иджыблагъэ Нарткъалэ Культурэмкlэ и унэм цlыхуу къекlуэлlар тlысыпlэ 400 зиlэ залым щlэхуакъым. Мыбы щекlуэкlырт кlуэ пэтми нэхъыбэ хъу, зи лэжьыгъэ дахэхэмкlэ щlэри жьыри къыдэзыхьэх Аруэн район «Адыгэ хасэм» и зи чэзу зэхуэс.

Хасэр теухуауэ щытащ ди лъэпкъэгъу Тlэркум къикlахэм яlущlэным, Ставрополь крайм хиубыдэ Курской районым къыщызэрагъэпэща «Адыгэ хасэм» телсэлъэхыным. ди къуэш балъкъэрхэу 99-нэ хэхыпlэ округым РСФСР-м и цlыхубэ депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуахэм я программэм едэlуэным, нэгъуэщlхэми.

Къызэхузэхэр Iэгуауэ янкlэ Iуощlэ ди хьэщlэхэм. Ахэр Тlэркум щыщ Дуз къалэм къикlахэу Мамхэгъ Таужэдин, Догъбу Афитал, Истамбыл щыщ Щауэфl Данэху сымэщ. Хьэщlэхэм я цlэкlэ къэпсэлъащ Мамхэгъ Таужэдин. Абы жиlащ Тlэркум щыпсэу адыгэхэм пэмыщlхуэрэ лlыгъэрэ зэрахэлъыр, я лэжьыгъэкlи я дуней тетыкlэкlи зыхэс лъэпкъхэм дагъуэ къызэрыхуамыщlыр. Ауэ абы къыхигъэщащ дапхуэдиз къулеягъэ ямыlэми я бзэр, я тхыдэр ящlэну абыхэм Iэмал зэрамыгъуэтыр. Ахэр я адэжь щыналъэм зэрыхуэпабгъэр никlи хэкужьым къагъэзэжынымкlэ дэlэпыкъуэгъу дахуэхъуну зэрылъагъэр.

— Хэкужь и дыгъэр гуапащэщ, — жеlэ Таужэдин. — Адэжь щlыналъэ къыщыптепсэ дыгъэр гум нэхъ бгъэдохьэ, мыбы къыщепща акъужьыр анэм и Iэ щабэ къыбдилъэм ещхьщ.

Аруан «Адыгэ хасэм» и тхьэмадэ Бекщокъуэ Алексей къызэхуэсахэм яхуиIуэтэжащ Курской районым хиубыдэ къуажэ зыщыпlлым дэс адыгэхэм я псэукlэр. Ахэр щlыфl дыдэ тесхэщ. Iэщыр куэду зэрахуэ, гъавэ бэви нърахьэлlэ. Ауэ я социально-бытовой псэукlэкlэ хуабжьу хуэмыщlащ. Я еджапlэхэр мыхьэнэншэщи къэуэным нэсащ, гъуэгухэр быркъуэщыркъуэщ, псыкlэ, газкlэ гугъу йохь. Курской районым щыпсэу адыгэхэм Iэмал ягъуэтыркъым я бзэкlэ еджэжыну, тхыдэм щыгъуазэ зэщlыну. Абыхэмкlэ дэlэпыкъуэгъу къахуэхъуну зыкъыхуагъэзащ Налшыкрэ Нарткъалэрэ я лlыкlуэхэм. Унафэ къащтащ я культурэ зэпыщlэныгъэхэр яубзыхуну, тхылъхэмкlэ дэlэпыкъуну, щlэх-щlэхыурэ зэкlэлъыкlуэну.

Хасэм и зэIущlэм къыщыпсэлъащ РСФСР-м и цlыхубэ депутатхэм я кандидатхэу Энеев Хъу. И. — къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ министрым и япэ заместителыр, Кабардиков М. — гъэшхэкl промышленностымкlэ объединенэм и генеральнэ директорыр, Ахметов А. — НЗПП-м и генеральнэ директорыр.

Къызэхуэсахэм ящыщу къэпсэлъа Тэрчокъуэ Вячеслав, Балъкъыз Замир, Хъущlыкlу Володя, Бекщокъуэ Алексей сымэ къыхагъэщащ хэхыныгъэхэр щекlуэкlым дй къуэш балъкъэрхэм лей къазэрытехьар. Зыхуэфащэр хахынымкlэ цlыхухэр дэlэпыкъуэгъу хъуну къыхуарадзащ.

Хасэм и зэIущlэм и кlэм хьэщlэхэмрэ къирихьэлlахэмрэ я цlэкlэ концерт гъэщlэгъуэн ятащ. Абы хэтахэщ «Нартхасэ» къэфакlуэ ансамблыр, «Дыгъэшыр» сабий уэрэджыlакlуэ гупыр, къуажэ художественнэ самодеятельностхэм я артист нэхъыфlхэр.

ХУЖЬОКЪУЭ Александр.

СУРЭТЫМ: Налшык «Дружба» комбинатым и бзакlуэ IэкIуэлъакIуэ Бищlо Хьэмщlасэщ. Ар зи Iэщlагъэм хэзыщlыкl, сыт щыгъуи зи къалэнхэр зыгъэзащlэ цlыху гумызагъэщ.

Тезыхар **ЩОМАХУЭ Владимирщ.**

Налшык къалэ исполкомым и заседанэ екlуэкlащ цlыхубэ щlэныгъэм и Iуэхум теухуауэ. Абы кърихьэлlащ курыт еджапlэхэм я директорхэр, егъэджакIуэхэр, партым и къалэ комитетым, исполкомым я унафэщlхэр.

Заседанэм щытепсэлъыхьащ гупкlэрэ, класскlэрэ зэхэгъэкlауэ сабийхэр егъэджэным хуэунэтlауэ цlыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым къищта унафэр зэрагъэзащlэм, абы зэрызинужьым.

Мы гъэм 2-нэ, 29-нэ кушlокlу. Ауэ ар зыхуэфlэкlынур абы пэхъуну, пэджэжу нэгъуэщlыбэм, нэгъэщlлъэкlу гупсысэкlэм хэтхэр гукlэ къэзыщтэ тхакIуэрщ, усакIуэрщ. Iуэхущхуэракъэ, апхуэдэ тхакIуэрэ усакIуэрэ зи насып кlихьыр закъуэтlакъуэщи, нэхъыбэм ягъуэтыр а зэсагъэжь стандартым нэскlэ тхыгъэ Iейр дэзыхьейуэ тхыгъэфlыр ардыдэм хуэзащlэу къезыхьэх тэрмэшхэрщ. Зэм-зэми а Iуэхум мыхуэдэу уогупсыс: лрэби, а тэрмэшэри дэ езыхэм зэлъдмыгъэхьэу пlэрэ? «Хъуа-мыхъуами, нокlуэlэ» жыхуаIэм ещlэу, дызэрадзэкl закъуэмэ, дыгуфlэжу дыщысурэ «Мыбыхэм защlебгъэлэlащlэнш щlэкъым» къытхужаIэу едмыгъасэхэу пlэрэ?.. А «пlэрэ-

НЭХЪ КУУЭ ИРАГЪЭДЖЫНУЩ

рыт школхэм лицейхэр къыщызэIуахынущ математикэр, 5-нэ, 9-нэ школхэм — художественнэ эстетикэр нэхъ куууэ щрагъэджыну. Апхуэдэ егъэджакIэр адрей школхэми нэсынущ.

КъызэIуахыну лицейхэр еджэныгъэм ехьэлIауэ зыхуеину псомкlэ къызэрамыгъэпэщмэ, а Iуэхур хэкIуэдэжынкlэ зэрыхъунур къалъытэу, къэпсэлъахэм къагъэлъэгъуащ республикэм и правительствэмрэ къалэ исполкомымрэ а Iуэхум хуэхъум нэмыщI предприятэхэри, организацэхэри къадэIэпыкъуп зэрыхуейр.

Цlыхубэ щlэныгъэмкlэ советым апхуэдэу щыхэплъащ школхэр ремонт зэращlынум, еджакIуэхэм гъэмахуэ ерыскъыкlэ, зыгъэпсэхупlэкlэ къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхугъуэхэми.

Спорт

ХУАБЖЬУ ЗЭНЫКЪУЭКЪУАЩ

Къэбэрдей - Балъкъэрым шахматымкlэ и 48-нэ чемпионатым джэгуакIуэ лъэщу 16 хэтащ. Ауэ текIуэныгъэм щlэбэныныкlэ нэхъ Iэмалыфlхэр яlэу хуагъэфащэрт нэгъабэ республикэм и чемпион хъуа Манучарян Хорен, етlуанэ увыпlэр зыубыда Джэдгъэф Чэмал. КъБАССР-м и чемпиону куэдрэ щыта Къармэ Мажмудин сымэ. Апхуэдэу уащыгугъ хъунут Шыгъэлыгъуэ Лиуан, Ибрагимов Артур сымэ.

Спортыр фlыуэ зылъагъуэр щыуакъым: ахэращ нэхъ IэкIуэлъакIуэгъэшхуэ къэзыгъэлъэгъуар. Арщхьэкlэ Къармэм эжIэлъыкIуэу джэгугъуищ иригъэхьэхурп и Iуэхур нэхъ гугъу ищlащ. Шыгъэлыгъуэри щlэужьыхэжащ. Манучарянрэ Ибрагимовымрэ псоми къыфIахьэхурт.

Ижьырей джэгугъуэм щынэсам Ибрагимовым очко 14-м щыщу 13 иlэт. Ныкъуэкъуэгъур абы очко ныкъуэкlэ къыкlэрыхурт. А тlур зыдэджэгун хуейт. Партнер зэрытемыгъакIуэу иухамэ, Ибрагимовыр чемпион хъурт. Ащхьэкlэ Манучарян ерыщагъ ин къыззыхуихащ икlи чемпион цlэр къыхуэзыхь ижьырей очкор зыlэригъэхьащ. Етlуанэ увыпlэр иубыдащ Ибрагимовым. Шыгъэлыгъуэр ещанэщ. Псори Налшык щыщщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы белджылы къещI республикэм и адрей щlыпlэхэм шахматым нэхъ хуэму зэрызыщижьыр.

ШЭЧЭМ Виктор.

ТВ

Апрелым и 20

Ятэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — «Голубое око Сибири». Щlэныгъэ-популярнэ фильм. Етlуанэ фильм. 9.35 — Березин Сергей и уэрэдхэр. 9.45 — «Кинопанорамэ». 10.45 — «...Илъэс пщыкlухым нэс ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщlэ». 11.30 — гъэм и зэманхэр. Апрель. 12.30 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 15.30 — Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Музыкальнэ къуленгъэхэр». 16.50 — «Дунейр псоми дыдэйщ». Сурэт конкурс. 16.55 — В. И. Ленины къызэралъхурэ илъэси 120-рэ щрикъум и щlыхькlэ гуфlэгъуэ зэlущlэ. Ар щиухым (18.30) — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. «Спартак» балет. 21.00 — Зэман. 21.45 — «Спартак» балетым и кlэухыр. 22.30—колледж (реклама, информацэ, хъыбарегъащlэ). 22.35 — «Ар щыщlащ... щыlащ...» 23.05 — «Iуэху еплъыкlэ». 00.50 — хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15—щlэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — музыкэ. 7-нэ класс. 9.05 — 10.05 — англыбзэ. 10.35, 11.35 — историе. 8-нэ класс. 11.05 — сабийхэм щадэлажьэ школ. Еплlанэ къэтыгъуэ. 12.05 — концерт. 12.25 — етlуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Прошедшее вернуть». Еплlанэ серие. Ятэ, етlуанэ Iыхьэхэр. 20.00 — нэхулъэфl фыкъикl, цlыкlухэ! 20.15 — хъыбарыщlэхэр. 21.00 — концерт. 21.55 — хоккей. Дунейм и чемпионат. Финляндиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр.

Щlыпlэ программэ. 17.00 — «Лениныр ди гъусэу» (адыгэбзэкlэ). 17.20 — телефильм. 17.35 — «Товуши» фрагъэблагъэ». 18.20 — документальнэ фильм. 18.35 — «Цlыхумрэ обществэмрэ». Общественно-политическэ программэ (адыгэбзэкlэ). 19.20 — «Дунейр тхьэмахуэ зэхуакум» (балкъэрыбзэкlэ). 19.30 — «Республикэм и махуэ».

Р

Апрелым и 20

7.30—7.35 — газетым итхэр. 7.50—8.00 — музыкэ псынщlэ. 16.15—16.30 — хъыбарыщlэхэр.

Микросхемэхэр зэпкърызыгъэхьэ, полупроводник приборхэр зэпкърызыгъэхьэ, деталхэмрэ приборхэмрэ зыгъэзухэр.

Щlалэхэр —

электромонтажник, зэрагъэунэху приборхэр зэтезыгъуэ монтажник, технологическэ оборудованэр зэтезыгъуэ, радиоэлектроникэ аппаратурэхэр, приборхэр зэтезыгъуэ, механо-сборочнэ лэжьыгъэхэм я слесарь, токарь.

КЛАССИ 9 КЪЭЗЫУХАХЭР ЗЭРЕДЖЭР ИЛЪЭСИЩlЩ

Хъыджэбзхэр —

микросхемэхэр зэпкърызыгъэхьэ, полупроводник приборхэр зэпкърызыгъэхьэ, элионнэ лэжьыгъэм и оператор.

Щlалэхэр —

радиоэлектроникэ аппаратурэмрэ приборхэмрэ зэпкърызыгъэхьэ, радиоэлектроникэ аппаратурэхэм, приборхэм зэблэзыгъэкlэхэр, зэрагъэунэху оборудованэр зэтезыгъуэ, полупроводник производствэр зэтезыгъуэ, механо-сборочнэ лэжьыгъэхэм я слесарь, токарь.

Класс 11 къэзыухауэ щlэтlысхьэ еджакIуэхэм учлищlэм мазэ къэс стипендиеу тумэнищ ирет, базовэ предприятэм зэреджэ пlалъэм сом 75-рэ хущlегъуэ.

Класси 9 къэзыухауэ щlэтlысхьа еджакIуэхэр ерыскъырэ щыгъынкlэ къызэрагъэпэщ. Хуэныкъуэ еджакIуэ псори общежитым щlагъэтlысхьэ.

Предприятэхэм е щеджэ производственнэ мастерской-хэм производственнэ практикэ щрагъэкIуэкI зэманым еджакIуэхэм къалэжьым и процент 50-р ират, ар тумэни 60—90 мэхъу.

Учлищlэр къэзыухэм ягъуэта IэщIагъэм елъытауэ Налшык къалэрэ республикэмрэ я предприятэхэм — Налшык полупроводник прибор, «Севкавэлектроприбор», телемеханическэ аппаратурэ заводхэм лэжьапlэ щратынущ. Абыхэм а предприятэхэм япэ илъэситl-щым сом 250 —270-рэ къыщалэжьынущ.

ЩlАЛЭХЭ, ХЪЫДЖЭБЗХЭ!

Профессионально-техническэ училищэ № 1-м и инженерно-педагогическэ коллективым фреГъэблагъэ фыдзэзыхьэх IэщIагъэ фагъэгъэтыну, абы нужьkIи еджапlэ нэхъыщхьэхэмрэ техникумхэмрэ фыщеджэ хъунущ.

ФыщыщIэтlысхьэкIэ мыхуэдэ документхэм фыхуейщ: къыхэпха IэщIагъэр иту директорым уэрэлъэIу тхылъ, класс 11 къэзыухахэм къызэраухамкlэ аттестат; класси 9 къэзыухахэм къызэраухамкlэ тхылъ (зэрыщыту), медицинскэ справкэ, паспорт е укъызэралъхуамкlэ щыхьэт тхылъ, илъэс 16 мыхъуахэм папщlэ.

Къэзыщтэ комиссэр мэлажьэ сыхьэтыр 9-м къыщыщlэдзауэ 17 хъуху. Зыгъэпсэхугъуэ махуэр — тхьэмахуэрщ.

Документхэр къыIах 1990 гъэм июным и 1 пщlондэ.

Училищэм и хэщIапIэр: Налшык къалэ, «Дубки» хьэблэ, Къалмыкъым и уэрам, 246-рэ.

Телефонхэр: 3-34-30, 3-30-49. УкIуэ хъунущ: автобускlэ №№ 3, 5, 11, 15; троллейбускlэ №№ 1, 3, 4, ПТУ № 1 къэувыIэпlэм нэс.

Дунейм и щытыкIэнур

Нобэ республикэми Налшык къали пшэр техьэ-темIыу щыщытынущ, уэпlх мащlэ къещlхынущ. Махуэм хуабэр градус 15—20, Налшык — 17—19 щыхъунущ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Ленинымрэ щlэкlэ щыlэ уэрам, 5, епщlанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым	— 2-21-64
приемнэм	— 2-22-89
редакторым и заместителхэм	— 2-22-84, 2-21-86
ответственнэ секретарым	— 2-22-82
секретарнатым	— 2-26-41
	— 2-35-49

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкlэ	— 2-22-66
	— 7-32-15
идеологиемкlэ	— 2-60-53
	— 2-21-88
экономикэмкlэ	— 2-57-59
	— 7-22-63
социальнэ Iуэхухэмкlэ	— 2-22-86
	— 7-31-54
культурэмкlэ	— 2-22-83
	— 7-31-69
хъыбарыщlэхэмкlэ	— 7-31-57
письмохэмкlэ	— 2-68-31
жэщ редакцэм	— 2-63-64
корректорхэм	— 2-60-27
газет цехым	— 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00601 Заказ № 3411